ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я газет
Газета Парламента и Правительства КБР

1924 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм и 1 лъандэрэ къыдокI

№231 (22.139) ● 2011 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 7, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Дыгъэгъазэм и 4-м екIуэкIа хэхыныгъэхэм ятеухуауэ Къанокъуэ Арсен жиIар

- Псом япэу мыхьэнэшхуэ иIэщ хэхыныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэIухауэ, зэныкъуэкъурэ зэрыхьзэрийрэ хэмыту зэрыщекIуэкIам. Хэхыныгъэхэм зыхуэгъэхьэзырыным пыщIа лэжьыгъэр жыджэру къызэрагъэпэщащ, парт псоми я щIыналъэ къудамэхэм я спискэхэм зэфIэкI зыбгъэдэлъ цIыхухэр итащ. ИкIи сэ сыщогуфIыкI кандидатхэм жэуаплыныгъэ зэрахэлъам, ахэр законымрэ цIыхугъэмрэ я мардэхэм зэримыкIам. Кавказ Ищхъэрэм и дежкIэ абы мыхьэнэшхуэ иIэщ.

УФ-м и щIыналъэхэм ящыщу «Урысей зэкъуэт» партым папщIэ нэхъыбэм Iэ щаIэтахэм КъБР-р яхэтщ. Абы къегъэлъагъуэ федеральнэ центрым Кавказ Ищхъэрэм щыпхигъэкI мурадхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэр ди цIыхухэм зэрыдаIыгъыр.

Ди республикэм иужьрей илъэсхэм лэжьыгъэшхуэ щекIуэкIащ экономикэмрэ социальнэ IэнатIэмрэ къэгъэщIэрэщIэжыным хуэунэтIауэ. КъБР-м и бюджетыр дотацэхэм зэрелъытар иужьрей илъэситхум къриубыдэу хуэдитIым нэблагъэкIэ нэхъ мащIэ хъуащ, бюджет зэгуэтым и хэхъуэм фIыуэ къыщIигъуащ, республикэм и щIыналъэ валовэ продуктыр сом мелард 73-м нэсащ, экономикэмрэ социальнэ IэнатIэмрэ зегъэужьыным къыхузэщIагъэуIуэ инвестицэхэми хуабжьу хэхъуащ. Нэгъабэ и закъуэ социальнэ-щэнхабзэ мыхьэнэ зиIэ ухуэныгъэу 37-рэ хьэзыр ящIащ. Ахъшэшхуэ хухахащ узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, щIэныгъэм, щэнхабзэм, спортым. А псори лэжьыгъэшхуэщ, ауэ илъэс гъунэгъухэм зэфIэдгъэкIын хуейуэ къытпэщытхэр нэхъыбэж мэхъу.

Хэхыныгъэхэм нэрылъагъу къащIащ партым политикэ зэфIэкIышхуэ зэриIэр. А ехъулIэныгъэр, сэ къызэрыслъытэмкIэ, кърикIуащ гъэмахуэм «ЦIыхубэ фронтым» пэублэ хэхыныгъэхэр зэрыригъэкIуэкIами. Абы щыгъуэ депутатхэм я кандидатхэр къагъэлъэгъуа къудейкъым, атIэ жылагъуэ мыхьэнэшхуэ зиIэ псалъэмакъхэри екIуэкIащ. Абы къыхэкIыу ди хэхакIуэхэм дыгъэгъазэм и 4-м Iэмал псори яIащ егупсысауэ икIи лъэныкъуэ псори зэпэлъытауэ Iэ яIэтынымкIэ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

Путин Владимир япэ кандидатщ

Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутатхэр щыхахыным япэ къихуэу Москва дэт «Лужники» спорт унэшхуэм щекIуэкIащ «Урысей зэкъуэт» партым и съездым и етIуанэ Iыхьэр. Абы хэтащ УФ-м и Президент, «Урысей зэкъуэт» партым хэхыныгъэм ирихьэлIэу къыхилъхьа спискэм и пашэ Медведев Дмитрий, партым и IэтащхьэУФ-м и Правительствэм и УнафэщI Путин Владимир сымэ. Съездыр зытраухуа Iуэху нэхъыщхьэр Урысей Федерацэм и Президентым и кандидатыр «Урысей зэкъуэт» партым къыбгъэдэкIыу къэгъэлъэгъуэнырщ.

СЪЕЗДЫМ къэралым и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщу лIыкIуэу 614-рэ, хьэщIэу мин 11-м щIигъу кърихьэлIащ. Партым и зэхыхьэшхуэр зэрекIуэкIыр къагъэлъэгъуэн папщIэ, абы журналисту миным щIигъу кърагъэблэгъащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщу съездым лIыкIуэу 11, хьэщIэу ирагъэблэгъауэ 14 хэтащ. Абыхэм ящыщщ партым и Совет Нэхъыщхьэм хыхьэ, республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Чеченов Ануар, «Урысей зэкъуэтым» и фракцэу КъБР-м и Парламентым щыIэм и пашэ Жэрыкъуэ Борис, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Щхьэгуэш Адэлбий, партым и щIыналъэ политикэ советым и секретарь Жаным Руслан, УФ-м и Къэрал Думэм и еханэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутатхэм я кандидат Геккиев Заур сымэ.

Съездым хэтхэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ кинорежиссер Говорухин Станислав. Абы зэрыжиIамкIэ, Урысейр хуэныкъуэщ лIыгъэ, зэфIэкI, акъыл зыбгъэдэлъ, цIыхухэм я хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ къащхьэщыжыфын, дэтхэнэми и къалэнхэр игъэзэщIэныр, псом япэу УФ-м и законхэр гъэзэщIэныр къызэзыгъэпэщыфын унафэщIым. «Апхуэдэ цIыху дэ диIэщ! - къыхигъэщхьэхукIащ Говорухин Станислав. - Ар Путин Владимир Владимир и къуэрщ!»

«Урысей зэкъуэт» партым къыбгъэдэкIыу къэралым и Президенту хахын папщIэ Путин Владимир къагъэлъэгъуэну съездым хэтхэм захуигъэзащ Медведев Дмитрий.

«Путин Владимир Владимир и къуэр ипэжыпIэкIэ Урысейм мы зэманым нэхъ пщIэшхуэ щызиIэ, Iуэхум нэхъ хэзыщIыкI икIи нэхъ ехъулIэ политикщ. ИкъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ цIыхухэм я нэхъыбапIэм абы дзыхь зэрыхуащIым икIи езыхэм я къэкIуэнур абы и цIэм епхауэ къызэралъытэм», - къыхигъэщхьэхукIащ Медведев Дмитрий.

Абыхэм я жэуапу къыщыпсалъэм Путин Владимир кърагъэза дзыхьым папщIэ къэралым и Iэтащхьэм, съездым, партым къыдыхэтхэм фIыщIэ яхуищIащ.

«Си гъащIэ псом сэ ди къэралым, ди цIыхубэм ящыщ Iыхьэ мащIэу сызэрыщытыр зэхызощIэ. ЕгъэлеиныгъэхэмылъужысIэнщи, си гъащIэр зэрыщыту сэ зыхуэзгъэпсар хэкум къулыкъу хуэсщIэнырщ. Иджыпсту Урысейм ис псоми захуэзгъазэу жысIэну сыхуейщ: къэралым и къулыкъу нэхъыщхьэр къысхуагъэфащэмэ, сэ къарууэ сиIэр есхьэлIэнщ Урысейм зегъэужьынымрэ абы и къарум хэгъэхъуэнымрэ, цIыхухэм я псэукIэр нэхъыфI, нэхъ дахэ щIыным», - жиIащ абы.

Съездым хэтахэм зэакъылэгъуу унафэ къащтащ 2012 гъэм гъатхэпэм и 4-м екIуэкIыну хэхыныгъэхэм Урысейм и Президентым и къулыкъум хахын папщIэ Путин Владимир и кандидатурэр къэгъэлъэгъуэным теухуауэ. Апхуэдэу делегатхэм къащтащ а хэхыныгъэхэм ирихьэлIэу «Урысей зэкъуэтым» и программэр.

«Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и пресс-IуэхущIапIэ.

МардэщIэхэр щIегъэбыдэ

Иджыблагъэ Медведев Дмитрий Iэ щIидзащ «Урысей Федерацэм цIыхухэм я узыншагъэр щыхъумэным и лъабжьэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законым. Абы узыншагъэр хъумэнымкIэ, медицинэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ цIыхухэм яIэ конституцэ хуитыныгъэхэр еубзыху, а хуитыныгъэхэр дэгъэкIынымкIэ шэсыпIэхэр щIегъэбыдэ.

Къапщтэмэ, абы къыщыгъэлъэгъуащ цIыхухэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ зэрырат щIыкIэмрэ а дэIэпыкъуныгъэм и мардэхэу Урысей Федерацэм и щIыналъэ псом щыIэ медицинэ IуэхущIапIэхэм, абыхэм унейхэри яхэту, ягъэзэщIэн хуейхэр. Иджыпсту пэщIэдзэ медицинэ-санитар дэIэпыкъуныгъэмрэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ псынщIэмрэ я лэжьыгъэр муниципальнэ щIыналъэхэм къы зэрагъэпэщыну я пщэ дэлъмэ, законыщIэм къару игъуэта нэужь а лэжьыгъэр Урысей Федерацэм и субъектхэм я къалэным хыхьэнущ. Законым щыубзыхуа Iуэху нэхъыщхьэхэм теухуауэ дэ депсэлъащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI ЧЕЧЕНОВ Ануар.

Чеченов Ануар

- Урысейм узыншагъэр щыхъумэныр зытещIыхьа лъабжьэхэр къыщыгъэлъэгъуа законыр илъэс 18 япэкIэ къащтауэ щытащ. АтIэ иджырей документым сыт хуэдэ IуэхущIэхэр иубзыхурэ?

- Псом япэу къыхэзгъэщыну сыхуейщ «Урысей Федерацэм цIыхухэм я узыншагъэр щыхъумэным и лъабжьэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законым цIыхухэр икъукIэ зыубгъуауэ зэрытепсэлъыхьар. Ар икIи гурыIуэгъуэщ - мы документыр къэралым ис дэтхэнэ зыми къыгуэхыпIэ имыIэу ехьэлIащ. Сэ сщIэжыркъым законопроектхэм ящыщу апхуэдэу псалъэмакъышхуэ зращIэкIа япэкIэ щыIауэ. Мы документыр етIуанэ къеджэгъуэу хэплъэн папщIэ мазитхум щIигъукIэ ягъэхьэзыращ. Абы эксперту 100-м щIигъу елэжьащ. Апхуэдэу законопроектым хэплъэн папщIэ лэжьакIуэ гуп къызэрагъэпэщауэ щытащ Лъэпкъ медицинэ палатэм, медицинэм ехьэлIа жылагъуэ зэгухьэныгъэ куэдым я лIыкIуэхэр хэту. Абыхэм къыхалъхьа Iуэхугъуэкуэддокументымхагъэхьэжащ.

Законым иубзыху Iуэхугъуэ нэхъыщхьэ дыдэр къэралым узыншагъэр хъумэныр пщIэншэу къызэрыщызэрагъэпэщырщ. Абы ипкъ иткIэ къэралым и цIыхухэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ пщIэншэу зэрагъуэтынумкIэ шэсыпIэхэр къызэрагъэпэщ, зригъэIэзэну дохутырыр, зэкIуэлIэну медицинэ IуэхущIапIэр сымаджэм езым къыхихыжыну (илъэсым зэ) хуит ящI, медицинэ дэIэпыкъуныгъэм и лъэныкъуэкIэ Урысейм и щIыналъэ псоми я зэхуэдэ мардэхэр щIагъэбыдэ. А хабзэхэр яхуэгъэзащ медицинэ IуэхущIапIэ псоми, абыхэм я къызэгъэпэщыкIэмрэ зи унафэм щIэтымрэ емылъытауэ. Законым апхуэдэу къыщыгъэлъэгъуащ медицинэм и лэжьакIуэхэм цIыхум дэIэпыкъуныгъэ ирамытыну зэрыхуимытыр, медицинэ дэIэпыкъуныгъэ псынщIэр пщIэкIэ зэрамылэжьыр. Законым пщIэ зыщIат медицинэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ пщIэншэу зэфIагъэкI Iуэхутхьэбзэхэмрэ IупщIу зэхегъэщхьэхукI икIи зэпкърыхауэ къегъэлъагъуэ пщIэ зыщIамыт медицинэ дэIэпыкъуныгъэ лIэужьыгъуэ псори. Абыхэм ящыщщ пэщIэдзэ медицинэ-санитар дэIэпыкъуныгъэр, технологие лъагэхэм ятещIыхьа медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр, медицинэ дэIэпыкъуныгъэ псынщIэр, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэу узыфэ пыухыкIахэр къызэузахэм я узыншагъэр зэфIагъэувэжын папщIэ пщIэншэу санаторэхэм, курортхэм ягъакIуэ. А псоми къадэкIуэу законым иджы япэ дыдэу иратхащ яхуэмыгъэхъуж узыфэхэр зыпкърыт сымаджэхэм пщIэншэу медицинэ IуэхущIапIэхэм зэрыщеIэзэр. Апхуэдэу законкIэ иджы япэу яубзыхуащ махуэ стационархэм, къызэрыгуэкI сымаджэщхэм щIэлъхэр,медицинэ дэIэпыкъуныгъэ псынщIэр къезыджахэр. Iэмал имыIэу зыхуей хущхъуэ нэхъыщхьэхэмкIэ пщIэншэу къызэрызэрагъэпэщыр. Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, «махуэ стационар» жыхуэтIэр сымаджэ куэдым я Iуэхум нэхъ къозэгъ, бюджетым и ахъшэу текIуадэри нэхъ мащIэщ икIи а псалъэхэри хабзэ мардэм хэту иджы япэ дыдэу къакIуэу аращ.

Законым къызэригъэувымкIэ, пщIэ зыщIат медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр пщIэншэу сымаджэхэм еIэзэным хиубыдэ къэрал шэсыпIэхэм я программэм къриубыдэу е абы и пIэкIэ хуащIэ хъунукъым. ПщIэкIэ сымаджэхэм еIэзэркъым зыхуэфащэ программэ хэхахэм ящыщу зыхуэфащэ бюджетхэм къыхэкIыу ахъшэ зытрагъэкIуадэхэм хиубыдэу. ПщIэ зыщIат Iуэхутхьэбзэхэр зыхуэфащэ медицинэ IуэхущIапIэхэм зэрызэфIагъэкI щIыкIэр УФ-м и Правительствэм иубзыхун хуейщ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

ТекIуахэр ягъэпажэ

Дыгъэгъазэм и 5-м Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм щызэхэтащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэр хэхыным къырикIуахэм щыхэплъэж зэIущIэ. Ар къызэригъэпэщащ «Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Гертер Иван партым хэтхэм захуегъазэ.

ЦIЫХУХЭР щызэхуэсыну пэшышхуэм и щIыхьэпIэм адыгэ-балъкъэр макъамэ гуакIуэхэр зыгъэIу пшынауэ-пхъэцIычауэ гуп щызэхэст. ГуфIэгъуэ щIыкIэм тету къызэгъэпэща зэхуэсыр къалащхьэм щеджэ щIалэгъуалэм я джэгукIэ яублащ.

- ЖыпIэ хъунущ дэ псори дытекIуауэ, - къыщIидзащ и псалъэм, зэIущIэр къызэIузыха, «Урысей зэкъуэт» партым и щIыпIэ къудамэм и тхьэмадэ **Жаным Руслан**. - Хэхыныгъэхэм жыджэрагъ къыщызыгъэлъэгъуа псоми, жьыми щIэми, фIыщIэ ин яхудощI! Ди гугъэщ абы кърикIуахэр республикэми къэралми я зыужьыныгъэм къахуэщхьэпэну.

Жанымым и псалъэм пэджэжырт КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Гертер Иван** жиIахэри:

- Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен къыбгъэдэкIыу хэхыныгъэхэм хэта псоми фIыщIэшхуэ фхудощI. «Урысей зэкъуэт» партыр къэралым и къэкIуэнум куэд щIауэ хуолажьэ. ИкIи узыщыгуфIыкI хъуну Iуэхугъуэу дэ къыдолъытэ ар хэхыныгъэхэм зэрыщытекIуар.

АдэкIэ псалъэ лъысащ КъБР-м и Парламентым и депутат **Геккиев Заур**.

- Сэ нобэ сыгушхуэу зыныфхузогъазэ, - жиIащ абы, - УФ-м и Къэрал Думэм и депутату «Урысей зэкъуэтым» щыщу ди щIыпIэм щыхаха цIыхуищым - Васильев Юрий, Щхьэгуэш Адэлбий, сэ - къыдбгъэдэкIыу, япэрауэ, хэхакIуэхэм фIыщIэ ин фхуэдощI. Апхуэдэуи фыкъыдогъэгугъэ дзыхь къыдэвгъэзар зэрыдгъэпэжыным дызэрыхущIэкъунумкIэ!

Зэхыхьэм и етIуанэ Iыхьэу щытащ къызэхуэсахэм папщIэ гъуазджэм и лэжьакIуэхэм ята концертыр.

Пэшышхуэм щIэса ныбжьыщIэхэми, зи ныбжь хэкIуэтахэми щIэщыгъуэ ящыхъуащ абы щыIуа уэрэдхэмрэ къафэхэмрэ. Апхуэдэт Музыкэ театрым и солистхэу Батыр Мухьэдинрэ Тэшло Алийрэ ягъэзэщIа хэкум хуиIэн хуей лъагъуныгъэм, «Урысей зэкъуэт» партым трахуха уэрэдхэри, «Терские казаки», «Балкария», «Кабардинка» къэфакIуэ гупхэм теплъэгъуэ дахэкIэ гъэнщIа я зыкъэгъэлъэгъуэныгъэри.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Япэ метеостанцхэр ягъэув

АДЫГЕЙ. ***Курорт щIыналъэу щытыну Лагонаки езыр-езыру лажьэ метостанцитI щагъэуващ. Австрием и «Sommer» компанием и IэмэпсымэхэмкъыкIэлъыкIуэ илъэсым иджыри щы къахэхъуэнущ.***

МЕТЕОСТАНЦХЭР дыгъэ батареехэмкIэ мэлажьэ. Апхуэдэ Iэмэпсымэхэм дунейм и щытыкIэнур, къехыну псыIагъэр зыхуэдизыр, къищынэмыщIауэ, уэсым и Iувагъымрэ щIыр зэрызэщIэщтхьэ кууагъымрэ къэпщIэнымкIэ Iэмал къатынущ. Курортым и проектыр щагъэхьэзыркIэ, а псоми хуеинущ.

Жызум гъэкIыным зрагъэубгъу

АБХЪАЗ. ***Лъахэм игъащIэ лъандэрэ щагъэкI жызум лъэпкъыгъуэхэр «Абхъазым и шагъырхэмрэ псыхэмрэ» фирмэм и плантацэхэм хэсэн щыщIадзащ.***

ФИРМЭМ и унафэщI Авидзбэ Валерэ зэрыжиIэмкIэ, Ялтэ къращри япэу ягъэIэпхъуэну мини 5-р Сыхъум къэсащ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым аргуэру мини 7 къаIэрыхьэнущ. Абыхэм жызумхэр къыщрахьэлIэжынущ илъэситху дэкIмэ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, япэ къэкIыгъэхэр гектар мин 1,5-м щыхасащ икIи мы гъэм япэ жызум Iэрамэхэр кърахьэлIэжащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Хъыбар гуапэ

Шэрджэс щэнхабзэм и фонд

Москва къалэм дэт Кином и унэм иджыблагъэ щекIуэкIащ Къалмыкъ Юрэ и цIэр зезыхьэ «Адыгэхэр» шэрджэс щэнхабзэ фондым и лъэтеувэ пшыхь.

ЗЭIУЩIЭМ кърихьэлIат Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я унафэщIхэр, лъэпкъ интеллигенцэм щыщхэр, хьэрычэтыщIэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр.

Пшыхьым псалъэ гуапэхэмкIэ зыщыхуагъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгэ республикэхэм щыщу Москва и ВУЗ-хэм щеджэ щIалэгъуалэм. Абыхэм фэеплъ тыгъэхэр иратащ.

Федерацэхэм я Советым хэт, «Адыгэхэр» фондыр къызэзыгъэпэщахэм ящыщ зы Къэжэр Альберт зэIущIэр къызэIуихащ икIи студентхэм ехъуэхъуащ. Япэ курсым щеджэхэм защыхуигъазэм абы жиIащ: «Дэтхэнэ зыри фыкъызыхэкIа лъэпкъым и лIыкIуэу фыщытыпхъэщ. Фэ фызэрыпсэум, зыIэрывгъэхьэф ехъулIэныгъэхэм елъытауэ щытынущ ди лъэпкъым и къэкIуэнур. Мы фондри къыщIызэдгъэпэщар нэхъыбэу фэращ».

2011 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм Москва къыщызэIуаха Къалмыкъ Юрэ и цIэр зезыхьэ «Адыгэхэр» щэнхабзэ фондым къекIуалIэхэм хуэупсащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэр: абыхэм иратащ «Юрий Калмыков: адыгский Прометей» тхылъыр, Уэрыш Нурхьэлийрэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ къыдагъэкIа адыгэ махуэгъэпсыр.

Лъэтеувэ пшыхьыр ягъэдэхащ уэрэджыIакIуэхэу Къэзан Сэтэней, Шэрджэс Iэсият, Бэрэгъун Мариannэ, Теунэ Джамилэ, Къашыргъэ Мурат, «Налмэс» цIыхубэ къэфакIуэ къэрал академическэ ансамблым, нэгъуэщIхэми.

Фондым и къалэн нэхъыщхьэр адыгэ (шэрджэс) щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэхэр мыгъэкIуэдынырщ, лъэпкъхэм егъэщIэнырщ, хэкужьми, нэгъуэщI къэралхэми, Москваи адыгэм и тхыдэр щегъэджынымрэ щыхъумэнымрэщ.

Егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, гъуазджэм зегъэужьыным, щIалэгъуалэр мамырщIэкъуу, къызыхэкIа лъэпкъыр фIыуэ ялъагъуу къэгъэхъуным хуэгъэпса Iуэху дахэхэр езыгъэкIуэкIыну зи мурад IуэхущIапIэм зиужьыну, и къызэгъэпэщакIуэхэм ехъулIэныгъэфIхэр яIэну ди гуапэщ.

ИСТЭПАН Залинэ.

● Гу зылъытапхъэ

Хэкум и ЛIыхъужьхэм я махуэм ирихьэлIэу

2007 гъэм мазаем и 28-м УФ-м и Президент Путин Владимир Iэ зыщIидза Унафэм ипкъ иткIэ, дыгъэгъазэм и 9-р Хэкум и ЛIыхъужьхэм я махуэу ягъэуващ. Абы лъандэрэ илъэс къэс а махуэм ди цIыхубэм гулъытэ хэха хуащI Совет Союзым, Урысей Федерацэм я ЛIыхъужьхэм, «ЩIыхь» орденыр зыхуагъэфэщахэм - псэухэм тыгъэхэмкIэ, псалъэ гуапэхэмкIэ яхуоупсэ, дунейм ехыжахэри гуапэу ягу къагъэкIыж.

А махуэм ирихьэлIэу ди газетым щIэх-щIэхыурэ къытохуэ зауэм къэмылэнджэжу хэта ди хэкуэгъухэм ятеухуа тхыгъэхэр, ди сурэт гъэтIылъыгъэхэм щыщхэр. Нобэрей къыдэкIыгъуэм и 3-нэ напэкIуэцIым тетщ ди республикэм икIыу Хэку зауэшхуэм хахуэу хэтахэм, «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр зыфIащэхэм ящыщу Къанкъуэщ Ахьмэдхъан, Кузнецов Георгий, Мэсей Аслъэнджэрий, Иллазаров Исса сымэ ятеухуауэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд итха очеркхэр.

Къайгъэр зэщIоплъэ

Осетие Ипщэм и Суд Нэхъыщхьэр дыгъуасэ хэплъащ президент хэхыныгъэхэм кандидату хэта Джиоевэ Аллэ и тхьэусыхэм. Абы иукъуэдият хэхыныгъэхэм кърикIуар гъэпцIагъэу судкIэ къызэралъытар мытэмэму, а унафэр къутэжын хуейуэ. АрщхьэкIэ, Суд Нэхъыщхьэм зэхъуэкIыныгъэншэу къигъэнащ суд къызэрыгуэкIым къищта унафэр.

Джиоевэ Аллэ зэхуишэсащ езым къызэригъэпэщыжа, законкIэ къару лъэпкъ зимыIэ Къэрал Советыр, адэкIэ ялэжьынум унафэ тращIыхьын папщIэ. Абы къыщыхалъхьащ Iуэхум къыхэIэбэным щIэлъэIуу, хамэ къэралхэм зыхуэгъэзэн хуейуэ. Джиоевэ Аллэ йогупсыс езыми и акъылэгъухэми политикэ гъэпщкIупIэ къритыныкIэ Урысейм елъэIуным.

Дыгъуасэ пщэдджыжьым гранатэдзкIэ зыгуэр еуащ Осетие Ипщэм и прокурор нэхъыщхьэ Хугаев Таймураз щыпсэу унэм. Абы республикэм щыщыIэ щытыкIэр егъэлеяуэ зэщIигъэплъащ. Урысеймрэ Осетие Ипщэрэ зэпызыщIэ гъуэгур зэхуащIащ, «политикэ щытыкIэ хьэлъэ республикэр къызэрихутам къыхэкIыу, ар нэхъ Iеиж зыщIын Iуэхугъуэхэр ямылэжьын папщIэ». Осетие Ипщэм и президент Кокойты Эдуард оппозицэри къэралым щыпсэу цIыхухэри къыхуриджащ законым темыкIыу псэуным, республикэм мамырыгъэр хъума щыхъуным дэтхэнэми и къару псори ирихьэлIэным.

Хэт и Iуэху?

Дыгъуасэ, ОБСЕ-м къыщыпсалъэу, США-м и къэрал секретарь Клинтон Хиллари ткIийуэ икIи гурымыхьу и гугъу ищIащ Урысейм щызэхэта Къэрал Думэм и хэхыныгъэхэм.

- Урысейм щыпсэухэм яхуэфащэщ я макъ зыхахыну, ялэжьыр цIыхубэм и пащхьэ щызыIуэтэжыф къулыкъущIэхэм я къэралри зэрахьэну, - жиIащ Клинтон Хиллари икIи къилъытащ хэхыныгъэхэм халъхьа гъэпцIагъэ псор хабзэкIэ зэхэгъэкIын хуейуэ.

«ЦIыхум и хуитыныгъэхэр къызэпызыудыр законкIэ жэуапым иришэлIэну властым хузэфIэмыкIмэ, а хабзэхэр зэтрекъутэри цIыхухэм къыхуащI дзыхьыр егъэкIуэд. Хэхыныгъэхэр щхьэхуиту щымытмэ, ардыдэр къызэрыхъур щытлъэгъуащ къэрал куэдым. Иджыблагъэ Урысейм щекIуэкIа Къэрал Думэм и хэхыныгъэхэри апхуэдэщ», - къыхигъэщащ Клинтон, икIи премьер-министру щыта Касьянов Михаил и гупым тепсэлъыхьурэ, щапхъэу къихьащ парт щхьэхуэхэр ятхын зэрамыдар.

Ар апхуэдэу ткIийуэ нэхъапэми къыщыпсэлъащ Бонн (Германие) Афганистаным теухуауэ щызэхэта дунейпсо конференцми.

Сабийхэм папщIэ

ГъэшхэкIым елэжь нэхъ ину Японием щыIэ «Мэйдзи» IуэхущIапIэм сабий шхыну къыщIигъэкIа банкI мин 400-м кърегъэгъэзэж, абы цезийм и изотоп хэлъу къызэрагъуэтам къыхэкIыу.

Ар Японием фIэкIа щащэркъым. Иджыри зэ абы и зэхэлъыкIэр нэхъ ткIийуэ къыщапщытэм, цIыкIухэм хуащIа шэм и килограмм къэс цезийуэ беккерель 30,8-рэ хэлъу къыщIэкIащ. Ар шэ гъущэм нэхъыбэ дыдэу хэлъ хъуну хуит зыхуащI бжыгъэм (беккерель 200-м) нэхърэ нэхъ мащIэщ, ауэ «Мэйдзи» компанием икIэщIыпIэкIэ ерыскъыхэкIыр тыкуэнхэм къыщIишыжащ, абы анэ быдзышэм и пIэкIэ цIыкIухэр зэрефэн хуейр къилъытэри.

Цезийр шэ гъущэм зэрыхэзэрыхьа щIыкIэр экспертхэм зэкIэ къахуэхутакъым. «Фукусима-1» АЭС-м къыщыхъуа аварием и зэранкIэ, хьэуамрэ щIымрэ радиоактивнэ цезий зэрыхыхьам къэхъуар ирапхыну епIэщIэкIыркъым.

КЪЭБЭ

■Граждан авиацэм и дунейпсо махуэщ

■1988 гъэм Ермэлым (Армение) щIыр щыхъеям хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ

■Пёрл-Харбор и фэеплъ лъэпкъ махуэу США-м щагъэуващ. 1941 гъэм Японием и авиацэр теуат Гавайе хытIыгухэм США-м щиIэ Пёрл-Харбор зауэ-тенджыз базэм. Абдежым щызэтракъутащ Америкэм и Хы Щэху флотым и къару нэхъыщхьэр. Дыгъэгъазэм и 8-м США-мрэ Инджылызымрэ Японием зауэ иращIылIащ.

■Илъэс 20 и пэ Москва щызэхэтащ Урысейм Космонавтикэмрэ и федерацэр къыщызэрагъэпэща съездыр.

Дунейм и щытыкIэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым къызэритымкIэ, нобэ Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, хуабэу махуэм градуси 7, жэщым градуси 2 щыIэнущ.

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩIО Зарифщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Насыпыншэ щыIэщи, гугъэншэ щыIэкъым.

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

2012 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр йокIуэкI.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэпIейкIи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт IуэхущIапIэ псоми.

Ди индексыр 51531

Республикэм щыпсэухэм ящIэн папщIэ

Iулъхьэ зэрызэIэпахым, коррупцэм пыщIа Iуэхухэр зэралэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хъыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и деж щыIэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкIэ.

МардэщIэхэр щIегъэбыдэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Законым мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхуу иубзыхухэм ящыщщ дохутырымрэ сымаджэмрэ я зэхущытыкIэхэр, Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъыр къэIэтыныр. Абы щыхьэт тохъуэ сымаджэм и узыншагъэм зэран хуэхъумэ ипшыныжын папщIэ медицинэ IуэхущIапIэм страхованэ фIэкIыпIэ имыIэу иригъэкIуэкIыну къалэн зэрыщащIыр. Псалъэм къыдэкIуэу къэдгъэлъэгъуэнщи, езы дохутырми и IэщIагъэм ехьэлIауэ страхованэ иригъэкIуэкIыну хуит ящI.

ЗаконыщIэм апхуэдэу къыхощ зыми IэщIэмылъ экспертизэ езыгъэкIуэкI IэнатIэ къызэгъэпэщыныр. Абы къикIыр медицинэ дэIэпыкъуныгъэ и лъэныкъуэкIэ зэныкъуэкъу къыщыхъуам и деж дохутырхэми сымаджэхэми медицинэ IуэхущIапIэм и унафэщIхэмрэ щIыналъэ властымрэ я унафэм щIэмыт IэнатIэр къагъэсэбэп зэрыхъунурщ.

- Законым пыухыкIауэ еубзыху узыншагъэр хъумэным и IэнатIэм ехьэлIауэ властым и орган псоми я полномочиехэр. Абы нэхъ зыпкърыхауэ тхутепсэлъыхьыт.

- Властым и федеральнэ органхэм я къалэнхэм хохьэ къызэрымыкIуэ щытыкIэхэр къыщыхъуам и деж цIыхухэр къегъэлыным пыщIа лэжьыгъэхэр егъэкIуэкIыныр, а мурадым хуэгъэзауэ цIыхухэр гъэIэпхъуэныр, медицинэ технологие пэрытхэр къэгъэсэбэпыныр зэтегъэувэныр. Апхуэдэу абыхэм я пщэ дэлъщ медицинэ дэIэпыкъуныгъэм, медицинэ Iэмэпсымэхэм я фIагъым кIэлъыплъыну.

Законым IупщIу къыщыгъэлъэгъуащ УФ-м и цIэкIэ субъектхэм я къэрал властым и органхэм ират полномочиехэри. Абыхэм ящыщщ медицинэ IэнатIэм ехьэлIа лэжьыгъэ лIэужьыгъуэ щхьэхуэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит зэращI лицензэхэр тыныр, псалъэм папщIэ, хущхъуэхэр ящэну (гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органхэм, щIэныгъэхэмкIэ къэрал академиехэм я унафэм щIэт сату IуэхущIапIэу, аптекэу хущхъуэхэмкIэ опт сату зыщIхэм нэмыщI), медицинэ организацэхэм медицинэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIыну (гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органхэм, щIэныгъэхэмкIэ къэрал академиехэм я унафэм щIэт медицинэ IуэхущIапIэхэм нэмыщI), наркотик зыхэлъ хущхъуэгъуэхэр, психотропнэ хущхъуэгъуэхэр, абыхэм хэлъ пкъыгъуэ щхьэхуэхэр зэблагъэкIыну, наркотик зыхэлъ къэкIыгъэхэр ягъэкIыну хуит щIыныр.

А псоми къадэкIуэу законым щIегъэбыдэ УФ-м и Правительствэм къищта спискэм хиубыдэ узыфэ щхьэхуэхэр зэузхэр щIыналъэхэм я бюджетхэм я хьэкъкIэ къащэху хущхъуэгъуэхэмкIэ къызэрагъэпэщын зэрыхуейр. Гуп щхьэхуэхэм хиубыдэ апхуэдэ узыфэхэм еIэзэн папщIэ зыхуеину хущхъуэгъуэхэр федеральнэ бюджетым и хьэкъкIэ къащэху.Мы полномочие псори дэгъэкIыным текIуэдэну ахъшэр субвенцэ щIыкIэу федеральнэ бюджетым къыхагъэкI.

Нэхъ ищхьэкIэ къызэрыщыдгъэлъэгъуащи, законым мыхьэнэшхуэ иIэщ пэщIэдзэ медицинэ-санитар дэIэпыкъуныгъэмрэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ псынщIэмрэ егъэфIэкIуэнымкIи. ИджыпстукIэ ахэр къызэзыгъэпэщыр муниципальнэ щIыналъэхэрщ, законым къару игъуэта нэужь ар УФ-м и субъектхэм я пщэ далъхьэнущ. Урысей Федерацэм и субъектым и къэрал властым и органхэм полномочиехэр иратамэ, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм я къалэнхэм хохьэ цIыхухэм пщIэншэу медицинэ дэIэпыкъуныгъэ етынымкIэ щIыналъэ программэхэм тету зыхуэфащэ Iэмалхэр къызэрагъэпэщыну, узыншагъэр хъумэнымкIэ муниципальнэ системэм хиубыдэу медицинэ дэIэпыкъуныгъэр къызэрагъэпэщыну. Къалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ я органхэм я полномочиехэм апхуэдэу хеубыдэ медицинэ лэжьакIуэхэмрэ фармацевтикэ лэжьакIуэхэмрэ зыхуеину Iэмалхэр «Урысей Федерацэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэныр къыщызэгъэпэщынымкIэ псоми я зэхуэдэ хабзэхэм я IуэхукIэ» 2003 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м къащта Федеральнэ закон №131-ФЗ-м езэгъыу къыхузэрагъэпэщыну.

- Уэ узэреплъымкIэ, мы законыр гъэзэщIэным сыт хуэдэ социально-экономикэ, юридическэ, къинэмыщI Iуэхухэр къыдэкIуэну?

- ЗаконыщIэр къащтэн хуей хъуащ къэралым зэхъуэкIыныгъэ куэд зэрыщекIуэкIам, экономикэм, социальнэ IэнатIэм щыIэ щытыкIэхэм зэрызахъуэжам, медицинэ дэIэпыкъуныгъэр къызэрызэрагъэпэщым зэрызихъуэжам, мы IэнатIэм иджырей технологиехэм зэрызыщаубгъум, уней медицинэ IуэхущIапIэхэр щыIэ зэрыхъуам къыхэкIыу.

ИкъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ муниципальнэ IэнатIэмрэ субъектымрэ я полномочиехэр документым IупщIу зэрызэхигъэкIым. Законым къару игъуэта нэужь, цIыхухэм я узыншагъэр хъумэнымкIэ жэуап зыхьынур Урысей Федерацэм и субъектхэрщ. Абы ипкъ иткIэ узыншагъэм щеIэзэ муниципальнэ IуэхущIапIэхэр, абыхэм лъхуапIэхэр, медицинэ дэIэпыкъуныгъэ псынщIэр, пэублэ медицинэ-санитар дэIэпыкъуныгъэр хэту, субъектхэм я мылъкум хагъэхьэж. Ауэ щIыналъэхэм я унафэщIхэм хуитыныгъэ яIэнущ узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэр зехьэнымкIэ полномочие щхьэхуэхэр муниципалитетхэм иратыну. Ауэ абы щыгъуи Iуэхум и екIуэкIыкIэмкIэ жэуап зыхьынур Урысей Федерацэм и субъектым и унафэщIхэрщ. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, ар сэбэпышхуэ хъунущ медицинэм и IэнатIэм зегъэужьынымкIэ.

Мы законым мыхьэнэшхуэ зиIэ и Iыхьэхэм ящыщщ цIыхухэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ етынымкIэ псоми я зэхуэдэ хабзэхэмрэ мардэхэмрэ щыгъэувар. А хабзэхэр медицинэ IуэхущIапIэ псоми ягъэзэщIэну я къалэнщ. Документым щыубзыхуа мардэхэм тетыну зыбгъэдэхуэр къэрал щэсыпIэхэмкIэ программэм елэжьхэрщ. А мардэхэмрэ хабзэхэмрэ лъэныкъуэ зыбжанэм хуэунэтIащ. Япэрауэ, абыхэм къызэрагъэпэщ къэралым и щIыналъэ псоми зэхуэдэу цIыхухэм пщIэншэу ират медицинэ дэIэпыкъуныгъэр щызэтегъэувэныр. Абыхэм япкъ иткIэ цIыхухэм ират медицинэ дэIэпыкъуныгъэр егъэфIэкIуэнымрэ медицинэ IуэхущIапIэхэр зыхуеину IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэщынымрэ лъэпкъ проектхэм ятещIыхьауэ ирагъэкIуэкIынущ. Псоми я зэхуэдэ хабзэхэмрэ мардэхэмрэ зэрагъэувым и фIыщIэкIэ нэхъ тхуейуэ ятещIыхьын пщIэншэу цIыхухэм ират медицинэ дэIэпыкъуныгъэ хухах къэрал ахъшэр къызэрагъэсэбэпыр.

Законым щIэуэ нэгъуэщI зы марди егъэув. Абы ипкъ иткIэ цIыхухэр я узыншагъэм хуэсакъыну, и зэманым ар къэрагъэпщытэну къалэн щащI. Узыншагъэр хъумэным и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ мэхъу профилактикэ лэжьыгъэр. 2013 гъэм щегъэжьауэ сабийхэм балигъхэм я узыншагъэр гъэ къэс къызэрапщытэ щытэн дыхуэкIуэжынущ. Диспансеризацэр щрагъэкIуэкI хъунущ пэублэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ зыщагъуэт IуэхущIапIэхэм - поликлиникэм, амбулаторэм. А IуэхущIапIэр, законым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, езы цIыхухэм къыхахыну хуитщ.

Законыр Урысейм иджыри къэс щызекIуа хабзэ мардэ зыбжанэм я пIэ йоувэ. КъапщтэмэI, къару имыIэжу къалъытащ «Урысей Федерацэм и цIыхухэм я узыншагъэр хъумэнымкIэ законодательствэм и лъабжьэхэм я IуэхукIэ» 1993 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м къащта законым.

БОРОВИНСКАЯ Татьянэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.

Тезырхэр ирегъэхьэкIынымкIэ федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм Прохладнэ куейм хыхьэ Советскэ жылагъуэм дэт и колоние №4-м хабзэр уэим ящIу къыщIэхуа цIыхубз 300-м щIигъум тезыр хэр щрахьэкI. Абыхэм яхэтщ цIыху зыукIахэри, наркотикхэм япыщIахэри, нэгъуэщI щIэпхъаджагъэхэр зылэжьахэри. УарохьэлIэ зи ныбжь хэкIуэтахэми, тутнакъэщым балигъ ныбжьым щынэсаи къахэбгъуэтэнущ, ауэ я нэхъыбэр илъэс 40-м щхьэдэмыхахэрщ.

● Тезыр щрахьэкI IэнатIэ

ЗэхъуэкIыныгъэхэм фIыкIэ щогугъ

А IУЭХУЩIАПIЭМ и бжэр журналистхэм щыхузэIуаха махуэм тутнакъхэм я щыIэкIэпсэукIэм, абы щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм щыгъуазэ зытщIащ.

Уголовнэ-гъэзэщIакIуэ системэм зегъэужьыным - ягъэтIысахэм я щIэпхъаджагъэхэм къытрамыгъэзэжыным, хабзэр ягъэзэщIэным, я тезырыр ящыгъэпсынщIэным, фIым хуэущииным, ялэжьар къагурыIуэжу, гъащIэ узыншэм хэзэгъэжыным теухуа Iуэхугъуэхэр КъБР-м щыIэ УФСИН-м и IэнатIэхэм щокIуэкI, гулъытэ хуащI тезырхэр щрахьэкI IуэхущIапIэхэр егъэфIэкIуэным.

УФСИН-м и адрей IуэхущIапIэхэми хуэдэу, 4-нэ колонием къыщызэрагъэпэщащ ягъэтIысахэм я зыIыгъыкIэмрэ абыхэм тезырыр зэрырахьэкI щытыкIэмрэ къэзыпщытэ, абы ипкъ иткIэ тезырыр ящызыгъэпсынщIэ комиссэ. Абы и зэIущIэ дызрагъэблагъам и пэ къихуэу колонием зыщытплъыхьащ.

Тезырхэр езыхьэкI цIыхубзхэр, зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ никъуэдыкъуэхэмрэ къищынэмыщIауэ, мэлажьэ. ЯIэщ дапIэ, цы щызэрахъэ, макарон къыщыщIагъэкI цеххэр, щIакхъуэгъэжьапIэ тхьэкIумэкIыхьхэр, джэдхэр ягъэхъу. Колонием щаIыгъхэм IэщIагъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэри щыIэщ.

КъБР-м щыIэ УФСИН-м и IэтащхьэмрэI къуэдзэ Болэ Айварэ колонием и унафэщI Хьэрис Рудикрэ къызэрыхагъэщамкIэ, дапIэ, цы щызэрахъэ цеххэм щылажьэ тутнакъхэм нэгъабэ сом мелуани 10 и уасэ хьэпшып къыщIагъэкIащ. Тезыр езыхьэкI цIыхубзхэр щыдэ пэшитIым зым фащэ хэхахэр щагъэхьэзыр, адрейм - сабий щыгъынхэр. Ахэр псори бзауэ къыхуашэри, езыхэм зэрыдэ машинэм щIагъэкI. Я продукцэм кIуэ пэтми щIэупщIэ нэхъыбэ иIэщ, я хэхъуэри нэхъыбэ мэхъу. КъаIэрыхьэ мылъкум щыщу процент 25-р лэжьыгъэр зэфIэзыгъэкI тутнакъхэм я счетым ягъакIуэ, адрейр IуэхущIапIэр егъэфIэкIуэным трагъэкIуадэ. Тутнакъ цIыхубзхэм яхэтщ яIэрыхьэ сомыр (ику иту 1025) зэхуэзыхьэс, ауэ нэхъыбэм я щхьэм къыхуагъэсэбэп.

ИпэжыпIэкIэ, а сом бжыгъэмкIэ, къыщIэхуа цIыхубзхэм я унэм къина зы сабии пхуэпIынукъым. ЩIэпхъаджагъэ илэжьын ипэкIэ шэч гуэр къэзыхь дэтхэнэ зы цIыхубзми ищIапхъэщ зэ мыхъуми а щэхур сэтей къызэрыхъунур, нэхъыбэу лей зытехьэнур щIэпхъаджащIэркъым, атIэ и бынхэрщ. ДызыщIыхьа цеххэм щылажьэ цIыхубзхэм я нэгум ущиплъэкIэ, упщIэхэр уи куэдщ: дауэ яхузэфIэкIа, сытым хуигъэуша ахэр нэгъуэщIым и гъащIэр къызэпыудыным, узыншагъэм лей тегъэхьэным, цIыхум и акъылыр зыгъэутхъуэ, хьэщыкъ зыщI наркотикхэр игъэкIыным, сыт хуэдэ ирехъуи, щIэпхъаджагъэ лэжьыным. А дакъикъэхэм щхьэ ягу къэмыкIыжарэ я кIэтIий кIапэ къыпыкIа сабийхэр?..

Илъэс 50 зи ныбжь Белгород щыщ цIыхубзыр ягъэтIысащ афиян зэрищэм къыхэкIыу. И дэIэпыкъуэгъуу щыта и щхьэгъусэмрэ и къуэмрэ цIыхухъу колонием тезырыр щрахьэкI. Владикавказ дэт сабий садхэм ящыщ зым и лэжьакIуэу щыта адрей цIыхубзыр етIуанэу къыщIэхуащ. ЗэрыжиIэмкIэ, япэу лъэ хъуэщым къыщихутам, тэмэму зыкъызэригъэлъэгъуам къыхэкIыу, нэ хъ пасэу хуит ящIыжат. АрщхьэкIэ, илъэс дэкIри, аргуэру гъущI хъарым къихутащ.

КъыкIэлъыкIуэу зыщытплъыхьащ тезыр езыхьэкIхэм я псэупIэ пэшхэм. 1942 гъэм къызэIуахауэ щыта мы тутнакъэщым Урысей Федерацэм 2020 гъэ пщIондэ уголовнэгъэзэщIакIуэ системэм зегъэужьыным теухуа концепцэм ипкъ иткIэ зэ хъуэкIыныгъэхэр щокIуэкI. ЦIыху 30-50-м зы пэш хухэхауэ нобэр къыздэсым къекIуэкIащ. Иджы цIыхуи 4-6-м хуэщIа, зыхуеинухэмкIэ къызэгъэпэща пэш щхьэхуэхэм хуагъакIуэ. ИрагъэфIэкIуащ я шхапIэри.

ИК №4-м и унафэщIым кадрхэмрэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэ Къумыкъу ФатIимэ щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, а зэхъуэкIыныгъэхэм адэкIи къыпащэнущ. ХабзэщIэм ипкъ иткIэ, къэкIуэнум я колонием тезыр щезыхьэкIынур япэу къыщIэхуахэрщ, адрейхэр нэгъуэщI щIыналъэхэм щыIэ тутнакъэщхэм ягъэIэпхъуэнущ. КъыхэдгъэщынщI, 4-нэ колонием иджыпсту щIаIыгъхэм яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэр, Осетие Ищхъэрэ, Къэрэшей-Шэрджэс, Шэшэн республикэхэм, Белгород, Курск къалэхэм, Волгоград областым щыщхэр.

Хьэрыс Рудик къызэрыджиIамкIэ, «социальнэ лифтхэр» зэ хъуэкIыныгъэхэм хиубыдэу муслъымэн, православнэ тхьэ елъэIупIэ пэшхэр къызэрагъэпэщащ. А дин IуэхущIапIэхэм зэгурыIуэныгъэ иращIылIауэ ядолажьэ. Абыхэм я лIыкIуэхэм тезырхэр езыхьэкIхэр тхьэмахуэ (чристэнхэр), мэрем (муслъымэнхэр) махуэхэм тезырыр езыхьэкI цIыхубзхэм яIуощIэ. А Iуэхум гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ кърикIуэр фIыщ.

«Бжэ зэIухам и махуэм» и етIуанэ Iыхьэри гъэщIэгъуэнт. Дэ драгъэблэгъащ ягъэтIысахэм тезырыр ящыгъэпсынщIэнымкIэ аттестацэ комиссэм и зэIущIэм. Абы хохьэ ИК №4-м и унафэщI Хьэрыс Рудик, УФ-м и Жылагъуэ палатэм къыбгъэдэкIыу тезырхэр щрахьэкI щIыпIэхэм кIэлъыплъынымкIэ жылагъуэ комиссэм и унафэщIу КъБР-м щыIэ Эндреев Мэгъэзалий, КъБР-м и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм жылагъуэ зэпыщIэныгъэмкIэ и чэнджэщэгъу Амщыкъуэ Анжеллэ, Прохладнэ къалэм дэт Свято-Никольскэ члисэм и протоирей Маршалкин Андрей, кадрхэмрэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ унафэщIым и къуэдзэ Къумыкъу ФатIимэ сымэ.

ЩIэпхъаджагъэ зылэжьам зыкъищIэжрэ зэгупсысыжмэ, зэрыкъуаншэр къыгурыIуэжу гъуэгу захуэ теувэжыным нэрылъагъуу хущIэкъумэ, аттестацэ комиссэр абы и Iуэхум хоплъэ икIи тезырыр нэхъ щабэу ирахьэкIыным, нэхъ пасэу гъащIэ хуитым хыхьэжыным, нэгъуэщIхэмкIи ядоIэпыкъу.

Япэу комиссэм зыкъыхуэзыгъэза цIыхубзыр наркотикхэр зэрищэм къыхэкIыу ягъэтIысат. Апхуэдэ гъуэгу цIанткъуэрыгъуэм теувэныр къулейсызыгъэмрэ хэкIыпIэншэмрэ къикIуауэ жеIэ. ИлэжьамкIэ зэрыкъуаншэр къыгурыIуэжауэ икIи афIэкIэ къытримыгъэзэжыну ар лъаIуэрт и тезырыр нэхъ тынш щащIыну. Комиссэм упщIэ куэдкIэ зыхуигъэзащ а цIыхубзым икIи абы и лъэIум гулъытэ хуащIащ. И къуэм мазэм плIэ илъагъуну хуит ящIу щытамэ, иджы ахэр хэнейрэ зэхуэзэнущ.

КъыкIэлъыкIуэу къыщIыхьа тутнакъ Иринэ щIэныгъэ нэхъыщхьэу 2 иIэщ. Архитектурэ институт къиухащ, сурэтыщI-зэгъэпэщакIуэщи, колонием и теплъэр зыхуей хуегъазэ. Абы судым илъэсибл къытрилъхьащ и гъуэнэгъу цIыхубзым сэкIэ уIэгъэ зэрытридзам къыхэкIыу. Ар тезыр ткIийуэ къелъытэ икIи Iуэхум хэплъэжыну Суд нэхъыщхьэм лъэIу игъэхьащ, ауэ зэкIэ жэуап иIэкъым.

А цIыхубзым и зыIыгъыкIэпсэлъэкIэмкIэ щIэныгъэ зэрыбгъэдэлъым, куэдым зэрыхищIыкIым, тутнакъэщым къихутами, и щхьэр игъэлахъшэу, тхьэмыщкIафэ зытригъауэу зэрыщымытым гу лъумытэу къанэркъым. Ар хуейт тезырхэр езыхьэкIхэр нэхъ хуиту щыпсэу IуэхущапIэм ягъэIэпэхъуэну. АрщхьэкIэ, комиссэм хэтхэм къызэралъытамкIэ, абы илэжьар нэсу къыгурыIуэжын, гъащIэ узыншэр къыхихыжын папщIэ зэман хуейщ. КъызэрыщIэкIамкIэ, наркотикхэр зэрихъумэм къыхэкIыу ар нэхъапэм илъэсрэ ныкъуэкIэ ягъэтIысауэ щытащ, ауэ тэмэму зыкъигъэлъагъуэри, мазих нэужьым щхьэхуит ящIыжат.

Амщыкъуэ Анжеллэ зэрыжиIамкIэ, абы и гур, и псэр иджыри къабзагъэм хузэIухакъым. Дин лэжьакIуэм игу къигъэкIыжащ: зэзэуаитIым щыщу яукIара жыхьэнэмэм къыщыхутэнур жаIэу ди щхьэщыгу итым зэрызыхуагъэзам теухуа хьэдисхэм ящыщ зы: «Хьэуэ, тIури абы къыщыхутэнущ, сыту жыпIэмэ, зым адрейм и гъащIэр къызэпиудын мурад яIащи».

Эндреев Мэгъэзалий Анжеллэ и Iуэху еплъыкIэр диIыгъащ. Абы комиссэм хэтхэм гу лъаригъэтащ - цIыхубзым тралъхьа илъэси 7-м щыщу 2-щ тутнакъым щигъэкIуар, ар тIэунейрэ къыщIэхуащ. Абы и дневникым иратха «Гъуэгу захуэм хущIокъу» псалъэхэр, «Зихъуэжыну и мурадщ» жиIэу зэрахъуэкIащ.

Ещанэу комиссэм и пащхьэ къиува налшыкдэс цIыхубз цIыкIур анаша зэригъэкIым къыхэкIыу илъэситхукIэ ягъэтIысащ. Абы езым а щхъухьыр зыхиIуу щытащ. Абы бынитI - зыр илъэси 10, адрейр илъэси 9 хъууэ иIэщ. И адэ-анэ ныкъуэдыкъуэхэм ябгъэдэсу и закъуэ сабийхэр ипIырт, Налшык гъущI гъуэгу вокзалым экипировщикыу щылажьэрт.

Ари иджы етIуанэу къыщIэхуащ. Япэм тезырыр условнэу тралъхьати, дерс хихакъым. Иджы къэзылъхуахэмрэ и бынхэмрэ япэIэщIэу тунакъым къыщихутэм, щхьэхуит гъащIэр зищIысыр къыгурыIуащ.

А махуэм комиссэр тезыр езыхьэкIхэм я лъэIу 20-м хэплъащ. Абыхэм ящыщу 8-р нэхъ пасэу хуит ящIыжыну лъаIуэрти, ар даIыгъыу унафэ къащтащ. Колоние-поселением ягъэкIуэну лъэIуа цIыхубзи 6-м ящыщу 4-рщ ар къэзылэжьу къалъытар. Тутнакъэщым я тезырыр нэхъ щабэ яхуащIыпхъэу зэгурыIуащ.

«Социальнэ лифтым» пхыкIащ ягъэтIысахэм ящыщу 300. Ятелъ тезырыр щагъэпсынщIэну 47-рэ лъэIуати, 8-р даIыгъакъым. Колоние-поселением ягъэкIуэну зи Iуэху хэплъэхэр 100-м, нэхъ пасэу хуит ящIыжынухэр 70-м щIегъу. Къыхэдгъэщынщи, уголовнэгъэзэщIакIуэ системэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэ-зыужьыныгъэм а IэнатIэм и лэжьакIуэхэри, тезырыр щезыхьэкIхэри фIыкIэ щогугъ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

2012 - 2014 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэрекIуэкIынум зыпэплъэм и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м №319-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэщтэн мы унафэм щIыгъухэу:

2011 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм кърикIуауэ зэкIэ къабжахэр;

2012 - 2014 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм кърикIуэну зыпэплъэхэр;

2012 - 2014 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и экономикэм и къэрал IэнатIэм зегъэужьынымкIэ планыр;

республикэ программэ хэхахэм ящыщу 2012 - 2014 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и ахъшэ зыхухахыну къыхалъхьахэм я спискэр;

2012 - 2014 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал (республикэ) IуэхукIэ зыхуей продукцэ дэгъэкIыгъуэхэмрэ ахэр зыхуэгъэзэжынымрэ я спискэр (адэкIэ - 2012 - 2014 гъэхэм зыпэплъэхэр).

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм яхуэгъэувын, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэм, къалэ округхэм я щIыпIэ администрацэхэм, республикэм хозяйствэ зезыхьэ и IэнатIэхэм чэнджэщ етын продукцэ щIынымрэ щэнымкIэ, лэжьыгъэхэр (Iуэхутхьэбзэхэр) зэфIэгъэкIынымкIэ зэгурыIуэныгъэхэр щатхкIэ 2012 - 2014 гъэхэм зыпэплъэхэм я япэ вариантыр лъабжьэ ящIыну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм яхуэгъэувын 2012 - 2014 гъэхэм зыпэплъэ лэжьыгъэхэм езыхэм я унафэм щIэт предприятэхэр щыгъуазэ ящIыну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ФинансхэмкIэ и министерствэм (Бышэн А. А.) хуэгъэувын 2012 - 2014 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым щызэхилъхьэкIэ республикэ программэ хэхахэр гъэзэщIэным текIуэдэнур къалъытэну.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм чэнджэщ етын 2012 - 2014 гъэхэм зыпэплъэхэм тету зыхуэфащэ муниципальнэ щIыналъэхэм я экономикэмрэ социальнэ IэнатIэмрэ 2012 - 2014 гъэхэм зэрызаужьыну зыпэплъэхэр зэхалъхьэну икIи езыхэм я унафэм щыщ хозяйствэ зезыхьэ IэнатIэхэр абыхэм щыгъуазэ ящIыну.

6. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Абрэдж I. Хь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ АБРЭДЖ Iэдиб

Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и хэхыныгъэхэр щекIуэкIым жылагъуэ хабзэмрэ законностымрэ къыщызэпауд къагъэхъуакъым.

Хабзэмрэ шынагъуэншагъэмрэ къызэрагъэпэщ

ПОЛИЦЭМ и полковник **Джаппуев Юрэ** щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, республикэм щытыкIэр зэпIэзэрыту къыщонэж. Хэхыныгъэхэм зыщыхуагъэхьэзырым, ахэр щекIуэкIым цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным полицэм и лэжьакIуэ 2332-рэ, къэрал куIэцIыдзэм къулыкъу щезыхьэкIхэу 160-рэ, ДНД-м хэт цIыху 263-рэ, къэзакъхэм къабгъэдэкIыу 186-рэ, ЧОП-м и лэжьакIуэ 212-рэ егъэбыдылIауэ щытащ.

ЩытыкIэр нэхъ щыгугъу куейхэм бронированнэ автотранспорткIэ къызэгъэпэща гупиблым къалэн щрахькIащ.

Хэхыныгъэр и пэ махуитIкIэ хэхыпIэ участкэ псори кинологхэмрэ сапер хэмрэ ящIыгъуу щIапщытыкIащ, къагъауэ Iэмэпсымэ е шынагъуэ зыпылъ веществохэр къалъыхъуэ у. ИужькIэ жэщкIи-махуэкIи зэпымыууэ я нэIэм щIагъэуващ.

Адрей хабзэхъумэ IэнатIэхэм ящIыгъуу экстремизмым дихьэххэм ятеухуа хъыбархэмкIэ зэхъуэжащ, оперативнэ Iуэхугъуэхэр ирагъэкIуэкIащ.

Хэхыныгъэ Iуэхухэр зэфIэкIыху КъБР-мкIэ МВД-м и аппарат нэхъыщхьэм и IэнатIэхэм я унафэщIхэм республикэм хабзэмрэ жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ лэжьыгъэр сыт и лъэныкъуэкIи зэрагъэкIуащ.

Къэрал къуэдзI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.

Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядолажьэ

● Политикэ партхэм

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Щоджэн Риммэ зэгурыIуныгъэ тхылъыр кърат.

«ЗАХУАГЪЭ зыхэлъ Iуэ ху» Урысейпсо политпартым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм республикэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ щэнхабзэ центрхэмрэ яхуиIэ зэпыщIэныгъэм нэхъри зрегъэубгъу. КъэкIуэнум ахэр зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэ иджыблагъэ зэращIылIащ.

Абы теухуа зэхыхьэр къызэIуихри, «Захуагъэ зыхэлъ Iуэху» Урысейпсо политпартым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI ЛIыхъугу Мухьэмэд я унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ. Абы къыхигъэщащ «Урысей зэкъуэтым», КПРФ-м, адрей партхэм япэувыну зэрызамыгъэхьэзырыр абыкIи куэдым къазэрыщхьэщыкIыр. «Республикэр цIыкIущ, абы и зыужьыныгъэмрэ и зэIузэпэщыгъэмрэ нэхъри ефIэкIуэн, зиузэщIын папщIэ тхузэфIэкI псори длэжьын хуейщ. «Захуагъэ зыхэлъ Iуэхум» и лэжьыгъэр нэхъыбэу зыхуиунэтIынури аращ. Гу нэхъ зылъытапхъэхэм, гугъуехьхэм, ахэр зэфIэхыным, нобэ Iэ зыщIэддзыну зэгурыIуэныгъэм теухуа фи Iуэху еплъыкIэхэр утыку къифхьэмэ, ди зэпыщIэныгъэ - зэдэлэжьэныгъэм зедгъэужьмэ, си гуапэщ», - жиIащ ЛIыхъугум.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Щоджэн Риммэ зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм ящыщу къыт еувыIащ щIалэгъуалэр зэрылэжьапIэншэм, зэман ягъэкIуэду зыхуеджа я IэщIагъэмкIэ IэнатIэ гуэри зэрамыгъуэтым, ар гулъытэншэу къэбгъанэ зэрымыхъунум.

- Нобэрей Iуэхугъуэр и щыхьэтщ «Захуагъэ зыхэлъ Iуэху» партым и къудамэр я программэр щIыналъэхэм щыпхыгъэкIыным зэрытригъащIэм. Партыр гугъуехь куэдым пхыкIащ икIи абы и пашэхэм цIыхухэм я сэбэп зыхэлъ лэжьыгъэшхуэ зэфIахын мурад зэраIэр долъагъу. Сэ сыхуейт псом япэу лъэпкъ, дин зэхэгъэж щымыIэныр, атIэ зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ щIалэгъуалэр хуэунэтIыным гулъытэ хуэфщIыну, - жиIащ Балъкъэрхэм я «Алан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Беппаев Суфян.

А жэрдэмыр диIыгъащ ЛIыхъугум икIи абы и жэуапу жиIащ: «Дэ - ипэкIэ плъэ, къэкIуэнум егупсыс партым дыхэтщ. Лъэпкъ, дин зэхэгъэж гуэри республикэм щыIэн хуейкъым. ЗэрыжаIэщи, узэкъуэтмэ - улъэщщ. Лъэпкъыбэу зэхэт ди лъахэм и мамырыгъэрщ, и зэIузэпэщыгъэрщ, абы щыпсэухэм я зэгурыIуэныгъэрщ ди дежкIэ нэхъыщхьэр».

Республикэм и экономикэм пыщIа гугъуехьхэм къытеувыIащ хьэрычэтыщIэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Къурш Валерэ. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, хьэрычэтыщIэхэр зэпIэзэрытыныгъэм хущIокъу, арыншауэ бизнес Iуэхум зиужьынукъым. Боевикхэм я зэранкIэ республикэм зы илъэсым къриубыдэу туризм Iуэхур зэрыщехуэхари къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ. «Сыхуейт хабзэхэр къыщащтэкIэ, ахэр нэхъ гурыIуэгъуэу, узэщIауэ щытыну, щIыналъэм и щхьэхуитыныгъэхэр къалъытэну. Къыхэдгъэщынщи, КъБР-м къыщалэжь электрокъарур, абы щыпсэухэм я дежкIэ нэхъ пуду щытыну, уасэхэр зэрагъэувым Федеральнэ законхэм гулъытэ хуащIыну», - жиIащ Къуршым.

АдэкIэ псалъэмакъым къыпызыща Къэбэрдей-Балъкъэрым и Сабий фондым и унафэщI Умэ Светланэ илъэсищ хъуауэ къазэрыдэлажьэм папщIэ ЛIыхъугу Мухьэмэд фIыщIэ хуищIащ. «Ди дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэ, дэ защIэдмыкъуамэ, а щытыкIэ гугъум къимыкIыфыну унагъуэ хуэмыщIахэр, сабий никъуэдыкъуэхэр гъунэжщ. Нобэ абыхэм гулъытэ ямыгъуэтмэ, мэжэщIалIэу, щIыIэм исрэ щыгъыныншэу къэтэджахэм ар къытхуагъэгъунукъым. ЦIыхухэр зэдэгуашэу, зызыщIагъакъуэу егъэсэн хуейщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, псапащIэ Iуэхур узэщIауэ зэтегъэувыным властым гулъытэ хуищIыркъым. Сыхуейт партым и щIыналъэ къудамэр зэкъуэзыгъэувэ къарууэ къэуву езым и деж псапащIэхэм я зэгухьэныгъэ къыщызэригъэпэщыну, - жиIащ Умэм.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, ЛIыхъугу Мухьэмэд хэтащ икIи мылъку хъарзынэ хилъхьащ «Сабий куэд щапI дэтхэнэ къуажэдэс унагъуэми жэм ятын», «ДЦП узыфэр зыпкърыт сабийхэм Китайм щеIэзэн» проектхэм.

ЗэIущIэм кърихьэлIа дэтхэнэми я зэдэлэжьэныгъэм фIы кърикIуэну, адэкIи зрагъэубгъуну зэрагуапэр жаIащ. Илъэс дэкIмэ, зэхуэзэу я зэдэлэжьэныгъэм кърикIуахэмкIэ зэдэгуэшэну зэгурыIуащ.

Зэгурыуэныгъэхэм Iэ традзащ жылагъуэ зэгухьэныгъэ зэмылIэужьыгъуэу 16-м. Абыхэм яхэтащ Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ зэщIэузэда къарухэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ я ветеранхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд, Афганистан зауэм и ветеранхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэу Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм щыIэм и Зэщыгъэу советым и унафэщI Тхьэгъэлэдж Тимур, КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и фондым, кружы, алыдж лъэпкъ-щэнхабзэ центрхэм, щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я зэгухьэныгъэм я лIыкIуэхэр.

УЭРДЭ Жантинэ.

ЩытыкIэ къызэрыгуэкIым тохьэж

Республикэм и Шэрэдж куейм и Iыхьэм (Джэрпэджэж къуажэм) щытыкIэ зэпIэзэрыт зэрыщызэфIэувэжам къыхэкIыу, КъБР-м и Оперативнэ штабым и унафэщI генерал-майор Кменный Сергей террористым пэщIэт Iэжугъуэхэр (КЮ), 2011 гъэм щIышылэм и 27-м щагъэуваyэ щытар, зэрнухам теухуа унафэ къищтащ.

● Оперативнэ штабым къет

«ТЕРРОРИЗМЫМ пэщIэтыным и IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Федеральнэ закон №35-ФЗ-м и 12-нэ статьям ипкъ иткIэ, 2011 гъэм дыгъэгъазэм 6-м сыхьэтыр 10-м КъБР-м и Шэрэдж муниципальнэ куейм и Iыхьэм (Джэрпэджэж къуажэм) контртеррорист Iуэхугъуэхэм теухуауэ щагъэува унафэр хэхар IуахыжащI.

КъБР-м и Оперативнэ штабым республикэм щыпсэухэм щытыкIэ хахар къагурыIуэу зэпIэзэрыту зыкъызэрагъэлъэгъуам, зыкъызэрыщIагъэкъуам, бандэ гупым щыщхэмрэ абыхэм я щIэгъэкъуэнхэмрэ я хэщIапIэхэм теухуа хъыбархэр и чэзум хабзэхъумэ IэнатIэхэм зэрыIэрагъэхьам папщIэ фIыщIэ яхуещI.

Япэжыну зыхэта диверсие-террор хьэтыхщагъэхэр набдзэгубдзаплъэ цIыхухэм къабгъэдэкIа хъыбархэм я фIыгъэкIэ къызэпаудащ, куэдым я гъащIэр къраглэпащ.

Норданием и лIыкIуэ, генерал Бырмамыт Фэуаз Тайвань хытIыгум и унафэщI Чан Кай-шин дзыхь тхыгъ ирину макIуэ. *Сурэтыр 1960 гъэм трахащ.*

● Щикъухьащ адыгэр дунеижым

Урысейм егъэлъапIэ хэкулI хъыжьэхэр

Зы илъэс закъуэ

Совет Союзым и ЛIыхъужь Къанкъуэщ Ахьмэдхъан

ДУНЕЙР уэфIт. Темрыкъу хы къуэпсым къыхиху акъужь гуапэр псэм йодэхащIэ, абы полкым и ныпыр дохуарзэ. Кхъухьлъатэзехуэхэр сатыру иувыкIахэу а ныпым и пащхьэм итщ, я унафэщIхэм жаIэм йодаIуэри. Бийм зы мэскъалкIэ зэрыхудамычыхынум, ар уэгуми щIылъэми зэрыщыхагъэщIэнум теухуа псалъэмакъщ екIуэкIыр. ЗауэлIхэр щытщ, я нэгухэр зэхэуфауэ, гужьгъэжьыр я нэхэм къыщIихыу.

УнафэщIхэм я ужькIэ псалъэ къещтэ Къанкъуэщ Ахьмэдхъан. Полк псор умэзэхауэ йодаIуэ и адэм къигъэхьауэ иджыпсту ар къызэджэ тхыгъэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым фашистхэм щызэрахьэ залымыгъэм теухуауэ гур зыгъэуз псалъэхэр зэрытым. Абы пищэу Ахьмэдхъан жеIэ: “Фашистхэм яукIащ си шыпхъуитI - ФатIимэтрэ Абчарэрэ, си къуэш Шэмэул. Абыхэм яукIащ совет цIыху минхэр. ИкIи си псэр пытыху, си гур къеуэху хейуэ кIуэдахэм ялъ сщIэжыну фыкъызогъэгугъэ”.

Адыгэ щIалэр хуэпэжащ ищIа тхьэрыIуэм. Къанкъуэщ Ахьмэдхъан папщIэ ятхырт: “Ар зэи гужьейртэкъым. Кхъухьлъатэр фIыуэ зэрызэрихуэм къыдэкIуэу, абы и хьэлым щызэхуэхьэсат тегушхуэныгъэри, фашистхэм яхуиIэ нэмыплъри, телъыджэ дыдэхэр езыгъэщIэф лIыгъэшхуэри. Ахьмэдхъан ябгэу бийм ебгъэрыкIуэрт, абы кIуапIи жапIи иритыртэкъым. НапIэдэхьеигъуэт зыхуейр гъэщIэгъуэн гуэр къигупсысын папщIэ. Ар еплъыртэкъым бийр зэрыхъу бжыгъэм”.

Зауэм зэрыIухьэрэ куэдыщи дэмыкIауэ, Ахьмэдхъан и гъусэ зауэлIхэм хэкум къатхащ:

“Фронт псом Къанкъуэщыр къыщацIыху. Дзэ Iэтащхьэхэр абы къыхуэупсащ Бэракъ Плъыжь орденымкIэ”.

Зауэм Iухьа нэужь еру щхьэкIэ, Ахьмэдхъан и ныбжьэгъухэм щахэтым деж щабэт, бзэ IэфI Iурылът, дэтхэнэми и гукъеуэ, и дзыхь кърагъэзырт, и хьэл-щэн дахэмкIэ цIыхухэр зыщIишэрт. И унагъуэм теухуауэ хъыбар мыщхьэпэ къызыIэрыхьам абы къриIуэтылIэрти, и гур нэхъ зэгъэжырт, сыту жыпIэмэ апхуэдэхэм деж адыгэ щIалэм ныбжьэгъум жриIэни зэречэнджэщыни къигъуэтыфырт.

... “Мессершмиттым” зэребгъэрыкIуэ ди кхъухьлъатэхэр ялъэхъэн я гугъащ, ауэ къикIа щыIэкъым. Ди “Як”-хэр бомбэзехьэхэмкIэ яфIэкIуэри, абыхэм уэр хузэхаублати, радиоаппаратым бгъэдэсу мыдэкIэ щIым щыIэ унафэщIыр къэпIейтеяуэ хьэуам хэтхэм йоджэ: “Напэ фиIэщ! Еуэ уэ, шэмэдж! Пыгъэщ, Къанкъуэщ!” Уафэ хъуэпскIым хуэдэу псынщIащэу йокIуэкI зэхэуэр. Бий мафIэм иса къуажэм я жыг хадэ зэщIэгъэгъахэмкIэ йохуэх “Юнкерс”-у тIу. Ещанэм егъэкIэрэхъуэжри, уафэ лъащIэм йохьэ ж. Ар ехуэ “Як”-м. “Юнкерс”-м ехуэх нэпцI зещI, зэм зегъэхуэм, “Нэхъ лъагэу!” - къыIу ар зыхум и макъыр. Зауэм дихьэха Къанкъуэщ Ахьмэдхъан щыгъупщат зэрыпсалъэ Iэмэпсымэр игъэувыIэжын икIи щIым тетхэм зэхах абы и псалъэхэр: “ЛъыщIэжым фыIэщIэкIыу щIыми зыщывгъэпщкIуфынкъым, уафэми фыщыбзэхынкъым. Адыгэм жеIэ: “Зилъ зыщIэжым и бийр хьэдрыхи къыщигъуэтынщ”.

Мес ар, лъыщIэжым ирихужьар, моторитI зэрыт и кхъухьлъатэ щхъуантIэ-гъуэжьыфэмкIэ щтапIэ ихьэжауэ къуршыщхьэм щызолъатэ. Абы ищIэркъым леймыгъэгъур и ужь зэритыр, ауэ ерыщу къызэребгъэрыкIуэмкIэ, ерууэ и къыкIэлъыкIуэкIэмкIэ, и “Якыр” Iэзэу зэригъэIурыщIэмкIэ икIи пулеметыр къызэреуэ щIыкIэмкIэ къыгурыIуэу хуожьэ и ажалыр и ужь зэритыр, гузэвэгъуэри къыкIэщIозэрыхь...

Къанкъуэщым иригулIа фашист кхъухьлъатэр гъуахъуэу, Iугъуэмрэ гъуэзымрэ зэщIищтауэ бгы гуэрым жьэхоуэри, зэ хощащэ. “Якым”, бгым жьэхэуэным иIэж щымыIэу, зыдредзеижри уэгу щхъуантIэм къохутэж. Зэ зыкъегъэзэж, и бийм къыщыщIар зрегъэлъагъури, адрей совет кхъухьлъатэхэм яхоувэж.

ПлIыщIрэ етIуанэ гвардие авиаполкым и унафэщI Грабарец Иван етх: “Командир къэмылэнджэжщ, кхъухьлъатэзехуэ Iэзэщ. Нэмыцэ «къашыргъэхэм» екIурабгъу къахуегъуэтыф. Хьэуа зауэм и Iэмалхэр ещIэ, лIыгъи зэфIэкIи къыщегъэлъагъуэ. И закъуэ кхъухьлъати 8, гъусэ иIэу щы къриудыхащ, нэгъуэщIитхуи зэхикъутащ”.

Куэд дэмыкIыу Къанкъуэщ Ахьмэдхъан ТIалэ и къуэр Совет Союзым и ЛIыхъужь ящI. А унафэр дунейм къытохьэ 1943 гъэм фокIадэм и 2-м.

Зы илъэс закъуэщ Къанкъуэщ Ахьмэдхъан зауэм зэрыхэтар. А зэман кIэщIым абы нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм хэщIыныгъэшхуэ ирет. 1943 гъэм Къанкъуэщым и кхъухьлъатэр Керчь деж къыщраудыхащ. Ауэ абы и щIыхьым, и пщIэм бийм зыри хуещIакъым.

МафIэм имыс, псым имытхьэлэ

Совет Союзым и ЛIыхъужь генерал-полковник Кузнецов Георгий

СОВЕТ Союзым и ЛIыхъужь, генерал Кузнецов Георгий и гъащIэмрэ и къекIуэкIыкIамрэ щыгъуазэ хъуа дэтхэнэми игъэщIэгъуапэу жиIэнщ: "Мы цIыхум имыгъэунэхуауэ сыт щыIэ? МафIэ къыщIэнэри - исакъым. Хым щIэтIысыкIыу хуежьэри - итхьэлакъым. Биишэри зыбжанэрэ къылъэIэсат - къелащ. АтIэ аракъэ "насыпыфIэщ" жыхуаIэжыр..."

Зауэ нэужьым Георгий и Iуэхур дэкIуэтеящ. Дзэ еджапIэ нэхъыщхьэу (академиеу) тIу къиухри, къэралым и дзэ Iэтащхьэхэм ящыщ зы хъуащ - щытхъу зыхужаIэ, пщIэ зыхуащI къулыкъущIэшхуэщ. Дауи, насыпыфIэу щытын хуейщ апхуэдэр!

Езым ар щызэхихкIэ, къущхьэмышх мыхъу зышхым хуэдэу, и нэкIур золъэ, гукъеуэ-гукъэкIыж хьэлъэ гуэрхэм зэщIаубыдэ. Хэт ищIэн иджыпсту абы и нэгум къыщIэувэжхэр?.. Зауэм хэкIуэда и ныбжьэгъуфIхэра?

МафIэ зыщIэнауэ ехуэх кхъухьлъатэм, езыр дэмыIэпыкъуфу, ирисхьара? Е бомбэхэмкIэ зэтракъута совет къуажэм Iисраф щыхъуа лIыжь-фызыжьхэмрэ сабийхэмрэ и нэгум къыщIэувэжа? Зэманым хузэфIэкIакъым зауэм къиша къулейсызыгъэхэр абы и гум иригъэхужын, теплъэгъуэ шынагъуэхэр и нэгум щIигъэкIуэдыкIыжын.

ИтIани генералым и нэгум щIэхыу зызэлъыIуехыж. Ар топсэлъыхь Хэку зауэшхуэр ди совет цIыхухэм я дежкIэ гъэунэхуныгъэ ину зэрыщытам, тхыдэм къыщымыхъуауэ цIыху мелуанхэм лIыгъэшхуэ зэрызэрахьам, ди щIалэгъуалэм абы дерс къыхегъэхыным иIэ мыхьэнэм. НэщхъыфIэ къэхъужауэ Георгий топсэлъыхь дуней псом фIэтелъыджэу ди къэралым зауэ нэужьым игъуэта зыужьыныгъэшхуэхэм. Игу къегъэкIыж зауэм и пэ лъэхъэнэр, Налшык къалэ зэрыщыпсэуар. И сабиигъуэмрэ и щIалэгъуэмрэ щигъэкIуа щыпIэр абы зэи щыгъупщэркъым.

Школыр къыщаухым зэныбжьэгъу щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ хъуэпсапIэ нэху куэд яIэт я гъащIэр зэраухуэнум теухуауэ, насып дахэкIэ я къэкIуэнум псори щыгугъырт... Ауэ а псори фашистхэм къызэпауд... Илъэс пщыкIуийм иту и Хэкур ихъумэжыну Налшык яфIыдэкIат Георгий...

Генералым и нэгур аргуэру зэхоуэ... Асыхьэтым зыхыбощIэ зауэр зыгъэунэхуахэр насыпыфIэнасыпыншэкIэ зэхэбгъэкIыну зэрымытыншыр, насыпыр гурыфIыгъуэ защIэу зэрызэхэмылъыр, ар цIыхупсэхэр къезыхуэкI, махуэ къэс зыхуэпабгъэ къару лъэщу зэрыщытыр.

Кхъухьлъатэзехуэу ирагъаджэри, Кузнецов Георгий 1943 гъэм и жэпуэгъуэ мазэу зауэм Iухьащ. Япэ щыкIэ тенджыз ФIыцIэм, иужькIэ Балтикэ тенджызым я уэгум щызэуащ.

... Мы къэтIуэтэжынур Георгий тенджыз ФIыцIэм щхьэщыту къэхъуащ. Бий кхъухьым бомбэкIэ зыбжанэрэ еуэри, ар мафIэу зэщIигъэнащ, лъагэу зиIэтыжуи хуежьащ. "Иджы хъунщ", - жиIэу зыкъигъэзэну щыхуежьэм, къыхэщтыкIащ: нэмыцэ дамыгъэ зытет зэребгъэрыкIуэ кхъухьлъатэ псынщIэр, уафэхъуэпскIым хуэдэу, я бгъумкIэ къыщыбгъэдохьэ, езым и "бомбэзешэр" нэхъ хуэмщ, нэхъ мыкIуэмытэщ... Зы тэлай дэкIыжмэ, биишэр къытелъэлъэнурэ, хым хэхуэнущ. Сыт ищIэнур? ПсынщIэу зригъэхуэхыу щIедзэ. Бий кхъухьлъатэр абы щхьэпролъэт, ищхьэмкIэ къыщоцырхъ жыпIэну. Георгий зиIэтыжу хуожьэ... Нэхъри зигъэлъахъшэу бийм IэщIэкIыфынут, ауэ и щхьэм трилъхьэркъым.

А дакъикъэ кIэщIым Iэджэ игъэващ Георгий, Iэджэ гупсыси и щхьэм щызэблэуащ. "Гъэзэжын хуейщ, псэууэ гъэзэжын хуейщ, мы пщIэр зыми къыпхуигъэдэхэнукъым... Зыкъегъэл!.. Зыкъегъэл!.. Зыкъегъэл!.." - а псалъэхэр, зыгуэрым къыжриIэ хуэдэ, и тхьэкIумэхэм къиIуэрт... А псалъэхэр къызэрыIум хуэдэуи, и нэгум къыфIыщIыхьэрт бийр, и дзэхэр къыIуигъэпсауэ, къыщыдыхьэшхыу. Ди уафэми дримыгъэтыжыну, ди щIылъэми дытримыгъэтыжыну къэкIуа бийм зыфIигъэпщкIунуи?.. Хьэуэ! Мес, езыри зыкъигъэзауэ къыхуокIуэ... "А уэ уззрысым хуэдэ сисащэрэт, бетэмал!" - игу къокI Георгий, бийр и щIыбым къыфIыдыхьэу хуежьэу аргуэру зыщригъэхуэхкIэ. Иджы, бийм зэрыпэмылъэщым игъэгубжьауэ, нэхъ лъахъшэж зещI, тенджызым хэхуэным нэсауэ... ЗызэтреубыдэжI. ХэкIуадэу щытми, бийр зэ и гупэ къищIыну, ауэ щIэмыпхъуэжыну ерыщ йокIуэ.

ИкIи, IулъэтыкIыж хуэдэурэ, зеIэт. Уэгу лъащIэм ихьауэ зыкъегъазэри, гу лъетэ фашист кхъухьлъатэзехуэм аргуэру къызэрыхуиунэтIар. Иджы абы ищIэнум щыгъуазэщи, Iэмал хуокIуэ. МащIэу зегъэлъахъшэ, кIэщIу къыдрегъэзеижри, гъунэгъу къэхъуа нэмыцэ кхъухьлъатэм накIуэпакIуэу хуеунэтI. ТIуми ярыт пулеметхэри мэлъалъэ, хьитI зэрауштам хуэдэу, "мэбанэ"... Ди кхъухьлъатэм зигъэлъэхъшэну зи гугъа нэмыцэм нэхъ ищIагъкIэ и шэхэр еутIыпщ...

НапIэдэхьеигъуэ хуэдиз зэманщ а псори къызэрыхъур - зэпежьа кхъухьлъатитIыр, шитI зэпежьам хуэдэу, псынщIащэу гъунэгъу зэхуэхъурт. ЩIакIуэ кIапэ зэдытехьа цIыхуитIым я кIэрахъуэхэр зэдагъэуакIэт. А тIур зэхуихьырт гужьгъэжьым, бампIэм, ажалым, ерыщагъ бзаджэм. ИкIи тIуми я гугъэр гъащIэм хахыж хъунут, ауэ... Иужьрей напIэзыпIэм бий кхъухьлъатэм... лъэныкъуэкIэ трилуэнтIащ. А тэлайм абы, и кIыхьагъ псомкIи кIуэцIрихыу, шэхэр телъэлъащ. Гъунэгъу дыдэ къыщыхъуам Георгий Iуплъат бийм и нэкIум...

Шэхум хуэдэу хужь хъуат а нэкIур, нэ щхъуантIэ цIыкIухэри гужьеят, щтэIэщтаблэт... Георгий хуиту бэуэжащ: бий кхъухьлъатэр, Iугъуэм зэщIищтауэ, тенджызымкIэ ехуэхырт...

Ар щIалэм япэу кърщудыха бий кхъухьлъатэт. ИужькIэ Георгий куэдрэ щыгуфIыкIыжащ абы щыгъуэ кIэбгъу зэрызимыщIыжам. Бийм пикIуэтауэ щытами, и щхьэм хуигъэгъужынутэкъым. ИужькIи зы бжьизкIэ бийм худимычыхыу зэуащ Кузнецов.

...Генералым и къулыкъущIапIэр зэи цIыхуншэ хъуркъым: абы зэIущIэхэр щрегъэкIуэкI, Iуэху зиIэхэм щахуозэ, телефон зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ псалъэурэ, унафэ гуэрхэр щещI, дзэхэм я еджэныгъэхэр зэрекIуэкIынухэр щеубзыху. Iэджэ Iуэхум полъэщ, жырым хуэдэу, зауэм ипсыхьа а цIыхур. И ныбжькIэ мыщIалэжми (уIэгъэжьхэми зыкърагъащIэ), ар сыт щыгъуи зэщIэкъуащ, уардэу зиIыгъщ. БлэкIамкIэ зыкъипщытэжурэ, цIыхур къэкIуэнум егупсысын зэрыхуейм и гъуазэщ. "КхъухьлъатэщIэхэр иджырей зэманым къигъэув къалэнхэм пэлъэщыфын хуэдэу дауэ къэгъэсэбэпа хъуну? Зауэ екIуэкIам дызыхуигъэсахэр нобэрей махуэм къыхэхъукIахэм дауэ едгъэщIэфыну? Зауэ къэхъу хъужыкъуэмэ, зыгуэрхэм дахущыщIэу къыщIэмыкIыжыну пIэрэ?" - жиIэу, сыт хуэдэ Iуэхуми гумызагъэу хущыту абы къулыкъу хуещIэ фIыуэ илъагъу и Хэкум. Къэрал унафэщIхэри абы хуэарэзыщ. Хьэуа Къарухэм зегъэужьыным хуищIа хэлъхьэныгъэшхуэм къыпэкIуэу псом япэ абы къыфIащауэ щытащ "СССР-м и кхъухьлъатэзехуэ нэхъ Iэзэ" цIэ лъапIэр.

Пэжщ, иджыпсту кхъухьлъатэхэр езым зэригъэкIуэжыркъым. Апхуэдэ хущIыхьэгъуи узыншагъи абы иIэжкъым, ауэ Георгий фIыуэ щыгъуазэщ дэтхэнэ кхъухьлъатэ лIэужьыгъуэщIэри зыхуэдэм, абы уздынихьэсыфынум, ар IэщэкIэ зэрызэщIэузэдам, а IэщэхэмI зыхуэдэм. Дауи, ар фIы дыдэу щыгъуазэщ езыхэм "зызэрагъэлIыфIу" щыта кхъухьлъатэхэмрэ иджы щыIэхэмрэ шурэ лъэсрэ зэразэхуакум. ИтIани гуапэу игу къокIыж зауэр щIидзэри куэдыщэ дэмыкIыу къэунэхуауэ щыта ди кхъухьлъатэхэр бийм ейхэм ефIэкIыу зэрыщытар. Ауэ абы къикIыркъым ди зауэлIхэм зауэр тыншу къахьэхуауэ, бийр тIасхъэу щытауэ. ХэщIыныгъэшхуэ ягъуэтущ, Iэджэ бэлыхьи ятелъущ цIыхухэри къэралри а зауэм зэрыщытекIуар...

Зэгуэрым зы кхъухьлъатэ гуп хъууэ бийм и гущIыIу ихьауэ фашист лъэсыдзэр Iисраф зэтращIэрт. ХамэщI къикIауэ ди лъахэр зыутэхэр щысхьырабгъу хуамыIэу зэтраукIэрт. А махуэм танк, машинэ, топ куэди зэтракъутащ. Ди лъэсыдзэми Iэмал иратащ ебгъэрыкIуэну. А Iуэхум здыхэтым, гу лъамытэу бий кхъухьлъатэхэр къызэрыкъуэхащ. Зэхэуэм щIадзащ. ЗэрыдаIуэ IэмэпсымэхэмкIэ зэуэ и ныбжьэгъу гуэрым и макъ къызэхех: "Георгий, уи щIыбагъым "Мессерыр" ныдохьэ".

И кIэм къыпытIысхьам IэщIэкIын мурадкIэ, абы лъэныкъуэкIэ зыщIедз, ауэ кIасэ хъуат. Удын хьэлъэ гуэрым и кхъухьлъатэр хыфIедзэри, ар топышэкIэ къызэракъутар къыгуроIуэ. И нэкIуми лъы хуабэр къызэрежэхыр зыхещIэ, итIани, мыгужьейуэ, лъэныкъуабэ хъуа и кхъухьлъатэм занщIэ зыкърегъэщIыжри, зэхэуэм хыхьэжыну хуожьэ. АрщхьэкIэ дагъэгъэсыныр зэрытыр къызэщIэнауэ къыщIокIри, кхъухьлъатэ кIуэцIым Iугъуэмрэ мафIэмрэ къолыдэ. Сенычылъэ къэлыдам хуэдэщ и кхъухьлъатэр, иджыпсту сахуэщ къыхэнэжынур. Елъэн хуейщ. Бжэм къоIэри, къикIыпIэр зэIуех. МафIэ бзийр къыдолыдейри и парашютми езыми къащIонэ. Къызэрелъэнур мафIэм есыж. Сыт къыхуэнэжыр? ХэкIыпIэ зимыIэ Iэмалыншагъэщ... Хэт ищIэрэ, кхъухьлъатэр хьэуам къыщымыуэ щIыкIэ, и насып крихьэкIрэ хуэгъэтIысамэ, къелынкIи хъунт. ИгъэтIысынуми, бийхэр щытепщэ щIыпIэщ иджыпсту ар зыхуэзанщIэр. НтIэ сыт и Iэмал? ЩIым гъунэгъу къыхуохъу - бийм иIыгъ щIым. ЗанщIэу яубыдынущ. Тхьэм ар жимыIэкIэ, мы мафIэм хисхьэми нэхъыфIщ, гъэр хъу нэхърэ...

А псээзэпылъхьэпIэ дакъикъэми Георгий гужьеякъым - кхъухьлъатэр къызэрыуэнур, зэрыхэкIуэдэнур ищIэу зыхуэIыгъащ... И нэкIур, и Iэхэр мафIэм илыпщIу хуежьарэ и щыгъынри къызэщIэнауэ, итIани зыхуэIыгъащ. ТегъэхуэпауэI дакъикъэхэмрэ жыжьагъымрэ зэпилъытурэ, абы дыдейхэм гъунэгъу закъыхуищIыжырт. ИкIи плъэмэ илъагъуу ди дзэ тIысыпIэхэм ящхьэщокIуатэ. Абыхэм я деж нэсыным зымащIэ фIэкIа имыIэжу, кхъухьлъатэр егъэтIысыф...

МафIэ къызыщIэна кхъухьлъатэм къижауэ цIыхуитI къаззэрыхуэжэр зылъэгъуа ди совет зауэлIхэм зыкъыщащIэжар ахэр къабгъэдэлъэда нэужьщ. Асыхьэтым тхьэкIумэIупсыр иричу зыгуэр къэуащ. ЗэплъэкIмэ, ялъагъу: цIыхуитIыр къызэретIысэхар Iугъуэрэ гъуэзу уэгум дрехуеиж. "ФыкъэнэкIафIэщ, сыту фыкъэнэкIафIэ", жаIэурэ лъэсыдзэм щыщ щIалэхэм кхъухьлъатэзехуэмрэ абы щIыгъуа радистымрэ мафIэм ис я щыгъынхэр къыщатхъ, уIэгъэпхрэ хущхъуэ гуэрхэмрэ зыIыгъ цIыхубз щхьэцыгъуэр къагъэсри, кърагъэIэзэ... "Аращ «зауэ джэгурэ дауэ джэгурэ щыIэкъым» щIыжаIар, - погуфIыкI генералыр. - ДяпщэкIэ къыщыс къэралхэр мэдауэ зауэ нэужьым дунейм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр ягу иримыхьу, "ЩIырэ псыкIэ фыкъыдэдыгъуащ", - жаIэу. Iэщэри ягъэдалъэ... Дауи, мащIэ дыдэу фIэкIа абыхэм ялъэIэсакъым ЕтIуанэ дунейпсо зауэр. Ар дэ къызэрытлъэIэсам хуэдэу ялъэIэсамэ, си Iуэхут замыущэхутэмэ. АтIэ мы дунейм дэ дыкъызэмылауэ сыт щыIэ?"

ТэлайкIэ щыму щысщ генералыр, итIанэ и псалъэм пещэ: "Емынэм къелар хъумбылейм ехьыж" жыхуаIэр зэгуэрым къысщыщI пэтащ. Зауэри и кIэм нэблэгъат а лъэхъэнэм... Арати, бий кхъухьхэм датеуауэ, тенджызым сыкъыщраудыхри, псым сыхохуэ. СыкъыщехуэхымI парашюткIэ сыкъелъэ хъунут, ауэ зэIынэри бжэр къысхуIукIатэкъым... Зи щIэр щIэуда кхъухьлъатэр куэдрэ псы щIыIум тетынт? Сэ ар, тезгъэлъэтыкI хуэдэурэ, тенджызым тезгъэтIысхьати, занщIэу щIилъэфакъым. Иджы хуэмурэ щIотIысыкI, сэ къикIыпIэм сыкъозауэ. Псы щIагъ дызэрыхъуу, бжэр мэхъей, ауэ псым къытрикъузэ хъуащи, плъэкIмэ - Iух. Къарууэ сиIэр зэхуэсхьэсри, зэ сыкъекъуащ. Си къупщхьэ зэрытыпIэхэр зэрылъэлъыным нэсауэ аргуэру сыкъекъуащ... Тенджыз абрагъуэм сыщIипIытIэну кабинэр къыстрикъузэу къысщыхъурт... Ещанэм сыкъыпэлъэщащ. СыкъыIэщIэкIащ ныкъуэзэIух сщIа бжэмкIэ... Арат си гугъэр. АрщхьэкIэ кабинэр щызэхуиущIыжым си кIэрахъуэр адэкIэ къанэри, ар зыпыщIа фэ тхьэмпэ цIыкIухэр диубыдащи, кхъухьлъатэм сыздрелъэфэх. ЖыIурыхьэгъуэм гур щIохъуэпсри, сыкъызэгуэудыным сынэсащ. Зы тэлайкIэ псыр къызжьэдэуэнущ. ЗезундэкIыу щIэздзащ. Зэ силъащ япэкIэ... ЕтIуанэу сыщилъым, фэр зэпычащ. Хуит сыхъуауэ сыкъыдосеиж. Сыкъыдосеиж нэху здэщыIэмкIэ, дыгъэмкIэ, хьэуамкIэ... Ауэ гъуни нэзи ямыIэжыххэм хуэдэт псы къатхэм, зэи дуней нэху сымылъагъужыным хуэдэт, си гур зэгуэудыным нэсат, лъыр си щхьэм къыдэуеяуэ, тхьэкIумэхэр вурт...

Сытми сыкъэсыжащ нэху здэщыIэм, хьэуа здэщыIэм... Уэху! Сыту фIы хуиту убауэу мы дунейм утетыну!.. Псы шыугъэр фIыуэ къызжьэдэуауэ тенджыз щхьэфэм сыкъыщысам, къаруи сиIэжтэкъым, псэи схэмытыжым хуэдэт. ЗысщIэжуи къыщIэкIынтэкъым, апхуэдизкIэ сыундэрэщхъуати. Ауэ дыкъыщехуэхым парашюткIэ къелъауэ хьэфэ гъэпщар и кхъуафэжьейуэ псым тета Стрижок - абырэ сэрэ зауэ куэд дыздыIутащ - сыкъригъэлащ".

Кузнецов аргуэру хэгупсысыхьащ. Дауи, тыншкъым а псори псэкIэ щIэрыщIэу бгъэвыжыну? "СокIуэд" щыжыпIэ дакъикъэм укъелыныр зыхуэдэр зымыгъэунэхуам ищIэнукъым. Ар хъунт езыр-езыру укъелтэмэ. ГъащIэм укъыщIэбэнурэ, хьэзабыр птелъурэ мащэм уезылъэфэх къару шынагъуэм уIэщIэкIыныр - ар текIуэныгъэшхуэщ. Ар псэм зезыгъэузэщI, гур хэзыгъахъуэ текIуэныгъэщ. Ар цIыхум щыгъупщэжыркъым... Кузнецов Георгий апхуэдэ гукъэкIыжхэр и куэдщ...

А лъэхъэнэм дзэм къыщыдагъэкIыу щыта газетхэм ящыщ зым, "Балтикэм и кхъухьлъатэзехуэ" газетым, Кузнецов Георгий теухуа тхыгъэхэр къыщыбгъуэтынущ. Абыхэм ящыщ зыр мыпхуэдэу къыщIидзэрт: "...Уэгур зыхъумэ зениткэхэм я мафIэ гуащIэм пхрыкIхэри, ди бомбэзехьэхэр бий кхъухьхэм ящхьэщыхьащ икIи абыхэм ятехуэу бомбэхэр ирадзыхащ. А зэхэуэм къыхэжаныкIащ лейтенант нэхъыжь Кузнецов – бомбэкIэ еуэурэ, тонн миниплI зэрыхуэ кхъухьыр щIезыгъэлъэфар".

А газет дыдэм и нэгъуэщI къыдэкIыгъуэм укъыщоджэ: "Гвардием и капитан Кузнецоврэ гвардием и лейтенант Красовскэмрэ дрырагъэхуеящ бийм и топ зыбжанэ, автомашинэ 50, гу зэщIэщIа 19, зэтраукIащ фашист 250-рэ".

Абы и ужькIи Георгий нэхъ ехъулIэныгъэшхуэ къехь. 1944 гъэм фокIадэм и 21-м абы щIрегъэлъафэ тонн мини 8 зэрыхуэ хьэлъэзешэ кхъухь абрагъуэр.

Зэ еуэгъуэкIэ ар псым хущIэгъэтIысыкIакъым, зыбжанэрэ ебгъэрыкIуащ... Кхъухьым ит уэгухъумэ пулеметхэм шэр къыхудрагъэлъэлъейрт, кърагъэпсыхын мурадкIэ. Ауэ езым Iэзагъышхуэ хэлъу кхъухьлъатэр уэгум "щигъэджэгуурэ", шэхэри зылъимыгъэIэсу, и мурадыр зригъэхулIащ. И ныбжьэгъухэми, и унафэщIхэми къалъытащ Кузнецов батэр игъэшауэ. Абы щыгъуэ зэрихьа лIыгъэхэри, нэхъапэхэм хахуэу зэрызэуари гулъытэншэу къэнакъым. 1945 гъэм и гъатхэпэ мазэм Кузнецов Георгий Совет Союзым и ЛIыхъужь ящIри, Дыщэ Вагъуэри и бгъэм къыхалъхьащ. Абы и пэкIи и ужькIи Георгий дамыгъэ лъапIэ куэд кърататщ. Абыхэм яхэтщ Ленин ордену тIу, Бэракъ Плъыжь орденыр, Александр Невскэм и цIэкIэ щыIэр.

Удзхэр ноби мэгъагъэ

Совет Союзым и ЛIыхъужь Иллазаров Исай

МЭЗКУУ зыхъумэ жхэм яIу къэкIыртэкъым зымащIэкIи бийм худачыхыну. Ахэр лIэн-къэнэну пэщIэуват езыхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэ, Iэщэ лъэщкIи зэщIэузэда биидзэм. ИгъащIэм къэмыхъуа лIыхъужьыгъэхэр зэрахьэрт, нэгъуэщI Iэмал щамыIэжым де ж лагъымхэр ябгхэм щIапхэрэ танкхэм щIэгъ уалъхьэу, я бгъэмкIэ дзотхэр зэху ащIу... АтIэ фашистхэм я гугъащ махуэ бжыгъэкIэ Мэзкуу къащт эну, дуней псом зэхахыу ар ягъэхъыбарат...

Гитлер и унафэр ягъэзащIэу Германием и дзэ Iэтащхьэхэр зыщысхьыжыртэкъым, зы дзэм адрейр кIэлъыкIуэу Мэзкуу къраутIыпщырт. Мис апхуэдэ пыIэзэфIэхь зэману Мэзкуу деж зауэм щыIухьащ ди хэкуэгъу Иллазаров Исай.

...Зылъэгъуахэм ящIэж 1941 гъэм и щIымахуэр уаеу зэрыщытар. ЩIыIэр градус 50-м щынэс щыIащ, ауэ абы щхьэкIэ зауэ гуащIэхэр зэпыуакъым... Исай зыхэхуа ротэм уэздыгъей мэзым и лъапэм де ж зыщигъэбыдат. Япэу зауэм Iухьэ дэтхэнэми хуэдэу, Иллазароври гузавэрт: “Дауэ сыкъыщIэкIыну пIэрэ? ЕмыкIу къэзмыхьащэрэт”, - жиIэу. Нэхъ ущым деж къилъэгъуащ абы уэс Iув зытелъ губгъуэшхуэм къыщыхьея биийхэр: танкхэр зэбгъурыту къакIуэр т, лъэсыдзэр абыхэм я ужь итыжт. Япэ щIыкIэ т опышэхэм фиин щIадзащ, итIанэ Iуэх ум хыхьащ пулеметхэр, автоматхэр, фочхэр... Шэ зэщIэфием, лагъым къэуэжхэм уэсыр ядэ ткIург, щIыр дэгызырт. Ди топхэм танк зыбжанэ якъутащ, итIани фашистхэм къебгъэрыкIуэн щагъэтыртэкъым, хьэдэ лъэмыж зэрызэтехъуэри кърадзэртэкъым. Сыт хуэдиз фашист зэтраукIат а махуэм! Езым и фочыпэми зы бий ихьакIэт. ПщыхьэщхьэхуегъэзэзэкIыу бийр икIуэтыжащ... Исай у эсым хэст пщIэнтIэпсыр зрикъуэкIыу, х уабжьу зэрешар зыхищIэу. “Къызэрыщ1экIыимкIэ, зауэм уIутыныр лэжьыгъэ хьэлъэщ”, - егупсысащ ар, зыкъиIэтыжурэ.

Дыгъэгъазэм Иллазаровыр уIэгъэ хъури зауэм къыIуашащ. УIэгъэщым здыщIэлъым абы щIипщытыкIыжырт къигъэщIа илъэсх эр, и псэукIар. АтIэ абы и ныбжьыр илъэс тIощIым зэрыщхьэдэхрэ куэд щIакъым. Илъэгъуаишхуи щыIэкъым, итIани IэфIу игу къигъэкIыжын иIэт: школыр, комсомолыр, егъэджакIуэхэр, дунеяплъэ ежьа пионерхэм мафIэшхуэ зэщIагъэстрэ и хъуреягъым къыщыфэу, щыдж эгу хэу зэрыщытар.

“Нэхъ пасэу балигъ сыхъуащэрэт”, - жиIэу къэхъуащ. 1934 гъэм еблан классыр къиухри вакъэ щащI фабрикэм лэжьэн щыщIидзащ, комсомолым абы щыхыхьащ. Нэхъ иужьыIуэкIэ Исай шоферу щIакхъуэ гъэжьапIэм щолажьэ. Илъэс пщыкIуийм иту физ къешэ. Надярэ абырэ зы бын зэдагъуэтауэ зауэр къэхъеящ.

И анэмрэ и щхьэгъусэмрэ кърагъэжьащ. И анэм ерагъкIэ зиIыгът. “Гъу эгу маху э, си щIалэ, уи щхьэр хъумэ”, - жиIэу зригъэзэкIыурэ и нэпсхэр щIилъэщIыкIырт. Сабийр зи Iэблэм тес Надя и нэпсхэр игъэпщкIуртэкъым. “Ди щIалэ цIыкIум и хьэтыркIэ зыхуэсакъыж... Зыхуэсакъыж”. Иджыри къэс а псалъэхэр и тхьэкIумэм итщ, и щхьэгъусэм и макъыр щыгъупщэркъым... ИтIанэ ар щыгъуазэт Надя бын етIуанэм зэрыпэплъэм. Абыи иригузавэрт. “Аргуэру зы къахэхъуамэ, дауэ я Iуэху ехъулIэрэ?” - жиIэу. Ауэ унэм къикIыу япэ письмор къыIэрыхьа нэужь и гур зэгъэжащ. Зэнысэзэгуащэм къатхырт абы етIуанэ щIалэ цIыкIур къызэрыхуалъхуар, Владимир зэрыфIащар, къэралыр къаззэрыдэIэпыкъур.

Езыми письмокIэ яхуиIуэхуащ Москва зыхъумэхэм зэрахэтыр, бийр куэд мыщIэу зэрызэхакъутэнур. “Мы кIуэцIрыхун фашистхэм зэ датевгъакIуэ, итIанэ нэзгъэзэжынщи, дефIакIуэу дыпсэунщ”, - апхуэдэу иухырт и тхыгъэр...

Узыншэ зэрыхъ ужу ар зауэм Iухьэжащ. Москва деж щикIуэтыжа бийм иджыри и къару илът, иджыри зауэр къихьэхун и гугъэт. Зы къали, зы къуажи, зы псы зэпрыкIыпIи къигъанэртэкъым лъы имыгъажэ у. Ауэ зи Iэщэми зи цIыхуми хэхъуэ советыдзэр абы къыхузэтегъэувыIакъым. ЕбгъэрыкIуэхэм яхэту Иллазаровми зауэм и гъуэгуанэ хьэлъэр километр миным щIигъукIэ икIуащ, зэуащ лIыгъэ къигъэлъагъуэу. Бийм щысхь хуиIакъым. Белоруссием щызауэу Исай и бгъэм къыхалъхьащ ЩIыхь орденым и ещанэ нагъыщэр.

... Витебск лъэныкъуэмкIэ ди дзэр ямыгъэкIуэну фашистхэм зыхъумэжыпIэ лъэщхэр яух у ат. Бийм нэхъ зыщигъэпхъашэ щIыпIэ гуэр къищтэну сержант Иллазаровыр зыхэт ротэм къалэн къыщащI. А щIыпIэм ебгъэрыкIуэну ротэр йожьэ. Ауэ фашистхэр зыдэс щытIхэм нэсыным къэнэжа щымыIэ у, топхэмрэ пулеметхэмкIэ бийр къахэуэу щIедзэ. Ди зауэлIхэм щIым зыхаубгъуэ. Ротэм и командирыр къаукIащ, Iуэхур хэплъэгъуэ мэхъу. Я щхьэр кърамыгъэIэту бийм шэр къатрегъэлъалъэ. Исай и щхьэр къыдрехьейри зеплъыхь... Зы дакъикъэ дэкIыжмэ, псори Iисраф зэрыхъупэнур къыгуроIуэ. “ЛIэнми лIыгъэ хэлъщ”, - жеIэри зыкъеIэт.

272-нэ гвардие полкым и командир подполковник Пешков зэритхыжамкIэ, а зауэр мыпхуэдэу екIуэкIащ:

“... Мыхьэнэшхуэ зиIэ а дакъикъэм, шэхэр къызэрелъэлъэхым хуэдэу, Иллазаров Исай зыкъиIэтащ, хьэуэ, зыкъиIэтакъым, автомат гъэпкIар иIыгъыу къыщылъэтри, кIиящ: “ЯпэкIэ, ди Хэкум папщIэ!” Бийр здэщыIэмкIэ ильащ... Иллазаровым зимыгъэгувэу командир къалэныр и пщэм дилъхьэжат, бийм зэратекIуэнур я фIэщ ищIри, зауэлIхэри зригъэдэIуащ. И щхьэкIэ лIыхъужьыгъэшхуэ къигъэлъагъуэу, дзэ пакIэм унафэ тэмэм зэрыхуищIыфыр къигъэнаIуэу япэкIэ илъащ. Шынэ зымыщIэ Иллазаровыр япэ итщ, абы тегушхуэныгъэшхуэ хэлъу къызэщIиIэтэри, ди зауэлIхэр, шэр бийм трагъэлъалъэу, абы и щIытIхэмкIэ зэрехьэжьащ. Иллазаров хахуэр зауэлIхэр щIыгъуу щIытIхэм нэсащ. Шэм къела нэмыцэх эр Iэпщэрыбанэ кIэ зэтраукIэурэ, япэ зыхуэза щIытIыр къызэранэкIащ. Абдежым Иллазаровым унафэ ещI, яхэщIыр яхэщIу, бийм и ужьыр хун хуейуэ. АбыкIи нэрылъагъу ещI зауэм и Iэмал щIэуэ къежьахэм фIыуэ зэрыщыгъуазэр...”

АдэкIэ полкым и командирым итхырт Иллазаровым и сэбэпкIэ Карташи къуажэр къызэращтар, бийм и зэуапIэ IэнатIэр зэпрытхъа зэрыхъуар, а зэхэуэ гуащIэхэм Иллазаровым и IэкIэ фашист куэди зэрыщыхигъэщIар.

ЗауэлI хахуэм хуэфащэ гулъыти къыхуащIыжащ - 1945 гъэм гъатхэпэм и 24-м дунейм къытехьащ ар Совет Союзым и ЛIыхъужь зэрыхъуамкIэ унафэр. Ауэ Иллазаровыр абы щыгъуэ псэужакъым - латышхэм я щIыналъэр хуит къэзыщIыжхэм яхэту 1944 гъэм фокIадэм и 6-м къаукIащ. Ар щыщIалъхьащ зауэлIхэм я кхъэу Баускс къалэм щыIам.

Налшыкдэсхэм ягу ихуркъым я хэкуэгъу лIыхъужьыр. ЯгъэлъапIэ, яIэт абы и пщIэр. Иллазаровыр зыщеджа епщIанэ курыт еджапIэм зэрехьэ абы и цIэр. Налшык щыIэщ Иллазаровым и цIэр зезыхьэ уэрами. Ригэ, Минск, Налшык къалэхэм Хэку зауэшхуэм теухуауэ къыщыдэкIа тхылъхэм Исай и гъащIэм, зэрихьа лIыхъужьыгъэм ятеухуа тхыгъэхэм укъыщеджэнущ.

Илъэсхэр макIуэ, гъащIэми зэхъуэкIыныгъэ Iэ джэ къыщохъу, ауэ Хэку м зыщигъэгъупщэркъым Иллазаровым хуэдэ и бын пажэхэр, гузэвэгъуэ махуэр къыщысым лъахэм зи гъащIэр щхьэузыхь хуэзыщIахэр. Абыхэм я фэеплъ щIыпIэхэм яхьыну удз дахэхэр сыт щыгъуи мэгъагъэ.

Шынэ зымыщIэ

Совет Союзым и ЛIыхъужь Мэсей Аслъэнджэрий

АБЫ КЪИГЪЭЩIАР илъэс тIощIрэ тхурэ ирикъуркъым. И щIалэгъуэ дахэу, и насып къэкIуэгъуэу ар дунейм ехыжащ.

Мэсей Аслъэнджэрий 1920 гъэм Ерокъуэ къыщалъхуащ, пасэу и адэр фIэкIуэдри, унагъуэ Iуэхури и пщэм къыдэхуащ.

Налшык дэт егъэджакIуэ техникумыр къиуха нэужь, Аслъэнджэрий я къуажэм къокIуэжри, щIэблэм щIэныгъэ иригъэгъуэту, школым и унафэщIым и къуэдзэу мэлажьэ. Адыгэ щIалэ екIум хьэл зэтет иIэт, нэмысышхуэ хэлът, IузхукIэ бгъэдыхьам “хьэуэ” жриIэртэкъым. Апхуэдэущ ар зэращIэжыр и къуажэгъухэм, и ныбжьэгъуу щытахэм, и Iыхьлыхэм.

Хэку зауэшхуэр къэхъеиным куэд имыIэжу Мэсейр ВКП(б)-м и Лэскэн райкомым и парт кабинетым и унафэщIу мэлажьэ.

Аслъэнджэрий езыр фIэфIу зауэм яфIэкIуащ, дамыгъэкIыну хуит къызэращIми ебакъуэри.

1942 гъэм фашистхэм Сталинградрэ Кавказымрэ хуаунэтIащ къаруушхуэ. Абыхэм лIэнкъэнэну япэщIэува совет зауэлI хахуэхэм ящыщт адыгэ щIалэр. Тенджыз ФIыцIэм и дзэ гупым хэту абы лIыхъужьыгъэ нэс къигъэлъагъуэрт, зауэлIхэм щапхъэ яхуэхъурт.

Мэсейр политрукыу здэщыIэ фочауэ батальоныр зэгуэрым бийм къиухъуреихьащ. Ауэ Аслъэнджэрийрэ и ныбжьэгъухэмрэ я гур яфIэкIуэдакъым. Зауэ гуащIэ ирагъэкIуэкIыурэ, зэрыхуа щытыкIэ гугъум къикIыжхэри, ди дзэм гъусэ зыхуащIыжащ. Абы щыгъуэ Мэсейр уIэгъэ хьэлъэ хъуащ икIи уIэгъэщым илъэс нэблагъэкIэ щIэлъащ. Хъужа нэужь, Аслъэнджэрий танкисту ирагъэджэну Чирчик (Узбекистан) ягъакIуэ.

1944 гъэм и гъатхэм Мэсейр Белорус фронтым щозауэ. Ар танк взводым и унафэщIщ. Фашистхэр СССР-м ирахужа нэужьи, Европэм ис лъэпкъхэр хуит къэзыщIыжахэм яхэтащ.

ЕтхущIанэ танк бригадэм Аслъэнджэрий пщIэшхуэ щиIэт. Бийм и щIыпIэм уащхъуэдэмыщхъуэу къыщыхутэфрэ нэмыцэхэр игъэгулэзу, абыхэм япэтIысрэ гъуанэдэууэ Iисраф зэтрищIэу Мэсейм Iэджэ игъэхъащ. КIуэрыкIуэм здытетым езым и танкымкIэ еуэурэ бий танкитI икъутэрт. Апхуэдэу зэрыщхьэмыгъазэм, зэрыхахуэм папщIэ абы кърат Вагъуэ Плъыжь орденыр.

Командир Iэзэу зэрыщытыр псом хуэмыдэжу нэрылъагъу къищIащ 1945 гъэм и щIымахуэм Польшэм зэрыщызэуам. Езым къигупсыса Iэмалхэр къигъэсэбэпурэ, а лъэхъэнэм Аслъэнджэрий бийм хэщIыныгъэшхуэ иритащ. Абы икъутащ топ зэмылIэужьыгъуэу пщыкIуз, жыр быдэм къыхэщIыкIа машинэу пщIы, Iэщэ зэрылъ транспорту пщIы, Iэщэрэ шэрэ зэрылъ гу зэщIэщIахэу пщIейрэ тхурэ.

Ауэ абыхэмкIи иухыркъым ерокъуэ щIалэм зауэм щигъэхъар. Ар къыхэжаныкIащ Петркув-Куявски деж щекIуэкIа зауэ гуащIэми. Генерал Орлов и Iэ зыщIэлъ тхылъым мыпхуэдэу итщ: “Бийм иIыгъ щIыпIэм тIасхъэщIэх танкищкIэ кIуауэ, уащхъуэдэмыщхъуэу ятеуэри, фашист зауэлIхэр игъэгужьеящ, Петркув-Куявски къалэм яфIыдыхьэри, къуентхъыуи зыIэригъэхьащ топитху, пулемет пщыкIутI, хьэлъэ зэрылъ машинэ пщыкIубл, апхуэдэу гъэр къищIащ бий сэлэтрэ офицеру зы гуп”.

Люблин, Демблин, Мазовецк къалэхэр къыщащтэми ар япэ итащ, бийм и щхьэр щIригъэхьэу. 1945 гъэм и мэлыжьыхь мазэм лейтенант Мэсей Аслъэнджэрий Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр къыфIащащ. Хэку зауэшхуэр иухыным къэнэжа щымыIэу ар Вислэ деж щыхэкIуэдащ.

Ди щхьэхуитыныгъэм зи псэр щIэзыта Мэсей Аслъэнджэрий и фэеплъыр адэжь щIыналъэм щагъэлъапIэ. Абы и цIэр зэрахьэ Налшыкрэ Нарткъалэрэ, къуажэ зыбжанэм я уэрамхэм, Ерокъуэ курыт еджапIэм.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Тхьэзэпльэ Хьэсэн и псалъэ.

УсакIуэхэр Къэхъун щохьэщIэ

● ЗэIущIэхэр

Къэхъун къуажэ дэт курыт школ № 2-м щIэблэр гъэсэу захуэ тешэным, щIэныгъэм, гъэсэныгъэм, хабзэм хуэущиным теухуауэ щIэх-щIэхыуэ къыщыззрагъэпэщ Iуэхугъуэхэм ящыщ иджыблагъэ екIуэкIа зэIущIэр. Школ библиотекэм и унафэщI Молэ Раисэ и жэрдэмкIэ абы ирагъэблагъащ усакIуэ, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ, ЩIДАА-м и щIэныгъэ секретарь Тхьэзэпльэ Хьэсэнрэ КъБР-м и Парламентым и депутат. КъШР-м и цыхубз усакIуэ, «Минги-тау» журналым и редактор нэхъыщхьэ Додуев Аскэррэ. Апхуэдэу зэIущIэм хэтащ ЕгъэджэныгъэмкIэ Аруан район Iуэхущапэм и тхьэмадэ Джатокъуэ Хьэчелэ, Къэхъун дэт курыт школ №2-м и унафэщI Нэгъуд Роза, «Урысейм и ДОСААФ» жылагъуэ къэрал зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къуадамэм и Аруан автомобиль школым и унафэщI Iуэхэн Бес льэн, егъэджакIуэхэр, адэ-анэхэр.

КъБР-р къыззрагъэпэщрэ илъэс 90, «Литературная Кабардино-Балкария» журналыр илъэс 20 мы гъэм зэрырикъуам трауху зэIущIэр щекIуэкI пэшым и блынэм щегъэувэжкIат ди республикэм и блэкIам, и нобэм екъэлIа лэжьыгъэхэр, тхакIуэ щIэрыIуэхэм я IэдакъэщIэкIэм, щэнхабзэм, гъуэзджэм уэхэзыгъэгъуаз тхылъхэр щыIэхуэзэхъэса гъэлъэгъуэныгъэр.

ЗэIущIэр къызэIуихри, республикэ псом щыIэIэпах журналым еджакIуэхэми балигъхэми дерс къызыхахын тхыгъэ купщIафIэ, гъэщIэгъуэн куэд къызэрытехуэр, ахэр школми сэбэпышхуэ зэрыщыхьур, абы и редактор нэхъыщхьэм и творчествэр зэрафIэгъэщIэгъуэныр жиIащ Молэ Раисэ. Апхуэдэуи ди къуэш балъкъэрхэм я бзэкIэ къыдэкI «Минги-тау» журналыр нэхъ гъунэгъуу зэрагъэцIыхуну зэрагуапэр дыщIигъуащ абы.

КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ Шыбзыхьуэ Хьамсинэ и нэIэ щIэт 9-нэ «б» классым щIэс ныбжьыщIэхэр школым фIыуэ зэрыщеджэр, я адэ-анэхэм, ушиякIуэхэм къыжраIэ псори абыхэм зэрызыхалъхьэр закъуэуи, ди гъунэгъу щIыналъэкъэм, къэралым и гъащIэхьэм къызэрыщаIыхум тепсэльыхьащ хьэщIэхэмрэ еджакIуэхэмрэ.

АдэкIэДодуевыр тепсэльыхьащ зи унафэщI «Минги-тау» журналыр къызэрызэрагъэпэща щыкIэм, абы и купщIэм, ар бзэм и хьумакIуэ нэхъыщхьэу зэрыщытым. 9-нэ классым и еджакIуэхэм яфIэгъэщIэгъуэну щIэдэIуащ балъкъэр усакIуэм и творчествэм и къежьапIэм, абы зэрызыужьам.

Тхьэзэпльэм ныбжьыщIэхэм яжриIащ «Литературная Кабардино-Балкария» журналыр щIэблэр егъэджэным, хэкупсэу гъэсэным хуэунэтIауэ зэрыщытыр, республикэм и районхэм щыIэ курыт еджапIэхэм щекIуэкI лэжьыгъэхэм, егъэджакIуэхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэхэм, ныбжьыщIэхэм къагъэльагъуэ зэфIэкIхэм теухуа тхыгъэ куэд къызэрытехуэр. Журналым и къыдэкIыгъуэхэм дяпэкIэ нэхъ надбдзэгубдзапIъэу кIэлъыплъынущ абы къытехуэн хуейуэ кьалытэ гуэрхэр щыIэмэ, редакцэм хьыбар ирагъэщIэну захуигъэзащ Тхьэзэпльым щIалэгъуалэм.

- Курыт школращ цыхум гъащIэм щыпхищ льагъуэм и кьежьапIэр, - жиIаш Хьэсэн. – Араш ящэ льагъуныгъэр къыщыунэхури, уэрэхэм уэдекIуу упсэун папщIэ пхэльын хуей хьэл-щэныр щызэфIэувэри, иужькIэ зыхагъэхьуэн хуей щIэныгъэм и льабжьэр щагъэтIылъ-ри. А псори къыввэхьулIэн папщIэ феджэн, тхылъым пщIэ хуэфащIын хуейщ.

ХьэщIэхэр щIэупщIащ щIалэхэм еджэным кьахудэхуэ зэманыр зэрагьакIуэм, дэхьыхьэх спорт лIэужьыгъуэхэм. УсакIуэхэм яфIэгъэщIэгъуэнт ныбжьыщIэхэм тхэным гу хуэзыщIа яхэтрэ яхэмытрэ. Абы щыгъуэми кьикIуэтакъым Кьэхъуным и щIэбгар - поэзием дихьэхэр школым зэрыщIэсыр жалащ икIи зэIущIэр щекIуэкI 9-нэ «б» классым щIэс зы щIали и адэм теухуауэ зэхилъхьа усэм кьахуеджащ.

Фым, дахагъэм хуагъасэ сабийхэм зрагъэщIыхуащ зэныбжьэгъу усакIуэитI - адыгэрэ балъкъэрэ. А махуэм щIэуэ кьащIахэм кьадэкIуэу цIыкIуэхэм нэрылъагъу ящыхьащ республикэм, щIыздэпсэу лъэпкьитIым кьахэкIахэм я зэхуаку дэлъ пщIэр, зэныбжьэгъугъэр, зэрылытэныгъэр.

Зэ1ущIэр ихуа нэужь хьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ сурэт зытрагъэхащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Дыгъэгъазэм и 2-м Киев щыIэзэхэтащ 2012 гъэм Польшэмрэ Украинэмрэ щекIуэкIыну футболымкIэ Европэм и чемпионатым и кIэух зэпеуэм щызэхуэзэну командэхэр щаубзыхуа пхъэидзэ.

1988 ГЪЭМ СССР-м и командэ къыхэхам и гъуэм финалым къыщыдигъэкIа топым Европэм и чемпион цIэр Голландием тIэщIезыгъэха гъуащхьауэ цIэрыIуэ Ван Бастен «къытехуа щыIуэр» иджы игъэзэкIуэжащ - аращ Польшэмрэ Украинэмрэ, Урысей Федерацэм щIэнэу хьэрхуэрэгъуэр кьытхухэзыхар. Занщ1у жытIэнщи, «А» гупым къыщыпэщIэхуа Чехиер, Польшэр, Алыджыр ди командэ къыхэхар сыт щыгъуи зыпэлъэщхэщ икIи кIэух зэпеуэм хэхуахэм ящыщ нэхъ езэгъырабгъухэщ.

Пхъэидзэм къызэриклмкIэ, Урысей Федерацэр зыхэхуа гупым и зэIущIэхэр щекIуэкIынур Польшэращ. Ящэ щIыкIэ ди командэ къыхэхар мэкъуауэгъуэм и 8-м Вроцлав къалэм Чехием щыIущIэнущ. Абы иужькIэ Варшавэ Iэпхъуэнурэ, махуипIэ дэкIмэ, хэгъэрейхэм щыдэджэгунущ. Мэкъуауэгъуэм и 16-м щыIэну кIэух зэIущIэм Польшэм и кьалащхьэм алыджхэм щапэщIэтынущ. Зыхэт гупым ящэ зэрыдагъэвар икIи ахэр лъахэм кьихьэжьным дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэри гурэ псэкIэ зэрыпэплъар. ЗэIущIэм хэтахэм псом хуэмыдэу ягу ирихьащ Сэрмакъ къуажэм дэт курыт еджапIэ № 1-м и 8-нэ классым щIэс Лыджыдэ Iэминат «Iущыгъэм щхьэщэ хузощI» зыфIища и тхыгъэр.

Мыбы Iэминат къыщитхъэльэгъуащ зэгъунэгъуу щыс Сэрмакъ адыгэ жылэжьымрэ Чыщбалъкъ балъкъэр къуажэмрэ я къэпсэукIар, абыхэм дэс унагъуэхэм яку дэлъ зэхущытыкIэ дахэр. Тхыгъэм ун гур хигъахъуэу къыхощ зи ныбжьыр илъэс 90 ирикъуа, лэжьыгъэм и ветеран Лыджыдэ Евгение адыгэхэмрэ балъкъэр хэмрэ сыт щыгъуи фIыуэ зэрыльагъуу зэрыщытам теухуауэ къыIуэтэжа хъыбархэр. Апхуэдэу районпсо «стIол хъурей» зэIущIэм хэтахэм гукъинэж ящыхьауэ едэIуащ Сэрмакъ дэт курыт школ №1-м и 8-нэ классым щеджэ Мэш Астемыр адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я зэкъуэтыныгъэм екъэIлауэ зэхилъхьа усэхэм.

ЕджакIуэ щIыкIуэхэр апхуэдэу кьеджащ къэбэрдей, балъкъэр усакIуэхэм мамырыгъэм, лэжьыгъэм, зэныбжьэгъугъэм теухуауэ я Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэ нэхъыфIхэм.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Пхъэидзэр ● Футбол хуэугъурлащ Урысейм

ди командэ къыхэхар мэкъуауэгъуэм и 8-м Вроцлав къалэм Чехием щыIущIэнущ. Абы иужькIэ Варшавэ Iэпхъуэнурэ, махуипIэ дэкIмэ, хэгъэрейхэм щыдэджэгунущ. Мэкъуауэгъуэм и 16-м щыIэну кIэух зэIущIэм Польшэм и кьалащхьэм алыджхэм щапэщIэтынущ. Зыхэт гупым ящэ увыпIитIым языхэзыр къыщихьмэ, ди командэр адэкIи зэхьэзэхуэм хэтынущ икIи Европэм и чемпион цIэм щIэбэнынущ. Армырамэ, Урысейм къигъэзэжынущ.

Адрей гупищым щыIэныкъуэкIынущ: **В** - Голландие, Германие, Дание, Хорватие; **С** - Испание, Италие, Хорватие, Ирландие; **Д** - Украинэ, Инджылыз, Франджы, Швецие. командэхэр.

2012 гъэм Польшэмрэ Украинэмрэ щекIуэкIыну футболымкIэ Европэм и чемпионатым и кIэух зэхьэзэхуэм мэкъуауэгъуэм и 1-м ирихынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

ЩIалэгъуалэр мамырыгъэм и телъхьэщ

● Дзэлыкъуэ куей

Къэбэрдей-Балъкъэрым Жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я IуэхухэмкIэ къэрал комитетым и нэIа тету Дзэлыкъуэ къуажэ щрагъэкIуэкIащ Iъэпкьхэр зэкъуэзыгъуэвэ щэн» фIэщыгъэм щIэт зэIущI.

«СТIОЛ хъурей» щапхъэм иту ирагъэкIуэкIа зэхуэсыр зытеухуар ижь-ижьыж льандэрэ ди щIыналъэм щызэдэпсэу адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ сыт щыгъуи яку дэлъа зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ нэхьри егъэфIэкIыжыр, лъэпкьитIми ди зэхуэдэ щыналъэм мамырыгъэр щыгъэбыдэныр. Абы хэтащ куейм ит курыт школхэм щIэс ныбжьыщIэхэр, егъэджакIуэхэр. Комитетымрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я лIыкIуэхэр. ЗэIущIэм щытепсэльыхьащ лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ зэкъуэту зэфIагъэкIа Iуэхугъуэ инхэм, лъэпкьхэм я тхыдэмрэ ахэр зэрыгушхуэ щIыху щэджащхэмрэ.

«СтIол хъурейм» хэта еджакIуэ щIыкIуэхэр апхуэдэу кьеджащ балъкъэрхэр хэкум щраша лъэхъэнэм теухуауэ зэхуахьэса хъыбар гъэщIэгъуэнхэм. Абыхэм я дэтхэнэми Iупщу кьыхощ адыгэхэм сыт щыгъуи кьуэш пэтьытэу яIа балъкъэрхэм кьатепсыха гуаэр зэрыдагъэвар икIи ахэр лъахэм кьихьэжьным дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэри гурэ псэкIэ зэрыпэплъар. ЗэIущIэм хэтахэм псом хуэмыдэу ягу ирихьащ Сэрмакъ къуажэм дэт курыт еджапIэ № 1-м и 8-нэ классым щIэс Лыджыдэ Iэминат «Iущыгъэм щхьэщэ хузощI» зыфIища и тхыгъэр.

Мыбы Iэминат къыщитхъэльэгъуащ зэгъунэгъуу щыс Сэрмакъ адыгэ жылэжьымрэ Чыщбалъкъ балъкъэр къуажэмрэ я къэпсэукIар, абыхэм дэс унагъуэхэм яку дэлъ зэхущытыкIэ дахэр. Тхыгъэм ун гур хигъахъуэу къыхощ зи ныбжьыр илъэс 90 ирикъуа, лэжьыгъэм и ветеран Лыджыдэ Евгение адыгэхэмрэ балъкъэр хэмрэ сыт щыгъуи фIыуэ зэрыльагъуу зэрыщытам теухуауэ къыIуэтэжа хъыбархэр. Апхуэдэу районпсо «стIол хъурей» зэIущIэм хэтахэм гукъинэж ящыхьауэ едэIуащ Сэрмакъ дэт курыт школ №1-м и 8-нэ классым щеджэ Мэш Астемыр адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я зэкъуэтыныгъэм екъэIлауэ зэхилъхьа усэхэм.

Еджакlуэ щыкlуэхэр апхуэдэу кьеджащ къэбэрдей, балъкъэр усакlуэхэм мамырыгъэм, лэжьыгъэм, зэныбжьэгъугъэм теухуауэ я Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэ нэхъыфIхэм.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● Гу зылъытапхъэ

Адыгэ махуэгъэпсыр къэфщэхуну фыхуеймэ

УЭРЫШ Нурхьэлийрэ Хьэфыщ1э Мухьэмэдрэ 2012 гъэм и адыгэ махуэгъэпс къызэрыдагъэкIам и хъыбар зэхэзыха куэд «Адыгэ псалъэ» газетым къопсалъэ, ар къыщыпщэху хъуну щIыпIэм къыщIоупщIэ. Махуэгъэпсыр къэзыщэхуну хуейхэм ар къыщагъэтынущ:

Налшык къалэ:

«Адыгэ унэ» тыкуэным (*Ленициым и цIэр зезыхьэ уэрам, 49*);

«Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и тыкуэным (*Головко и цIэр зезыхьэ уэрам, 6*);

«Тамерис» шхапIэм (*Кулиевым и цIэр зезыхьэ уэрам, 3*);

«Роспечать»-м (*Ленинымрэ Толстоймрэ я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм я зэхэкIыпIэм деж щIэ газет щапIэм*);

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Iуэхущапэм (*Ленициым и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, 1-нэ къат, телефоныр: 47-22-63, сыхьэт 11-м щыIэдзауэ 14 хъухуу*);

Куейхэм:

Бахъсэн, Тэрч районхэм я Адыгэ Хасэхэм я Iуэхущапэхэм.

Апхуэдэуи гу лъыпэдгъэтэну дыхуейт махуэгъэпсым и бжыгъэр куэд зэрымыхъум, ар псоми зэралъымысынум. Араща, ар зи унэ илъыну, лэжьапIэхэм къыщызыгъэсэбэпыну хуейхэр Iуэхум епIэщIэкIмэ нэхъыфIщ.

Къэбэрдей къэрал драмэ театрым фрегъэблагъэ

Щоджэнщыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым дыгъэгъазэ мазэм мы спектаклхэр щагъэлъагъэуэнущ:

Дыгъэгъазэм и 8-м:

Къуникъуэ Палбий. «Сывольэлу, сыщIэфлъхьэж» (*трагикомедие*)

Дыгъэгъазэм и 15-м:

Стратиев Станислав. «Автобус» (*фарс*)

ЩыщIидзэр сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-рщ.

УпщIэ зиIэхэр фыпсалъэ хъунущ мы телефонхэмкIэ: **42-64-94, 42-33-89.**

● Гуэзджэ



Дирижер цIэрыкIуэ Темыркъан Борис и оркестрыр и гъусэу.

«Кабардинкэ» къэрал академическэ ансамблир къофэ. *Сурэтыр* УЭЛДЖЫР Артур трихащ. *1998 гъэ*

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленициым и уэрам, 5, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэуэ Iуэхущапэхэм ядэлэжьхьымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъмкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынир и щIэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и жылагъуэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущапэм №Н-0065-м щIэту ягъаш.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Ленициым и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэмьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщэкl Соня, редактору Жылаэ Заурбэч, корректорхэу Щхьэщэмыщ1 Иэз *(3, 4-нэ нап.)*, Пхытыкl Юрэ *(1, 2-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэныкъуэгъу Мырзэкан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Ныр Саидэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *суратхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 4.553● Заказ №3986